Нобэ къыщалъхуа махуэщ адыгэ литературэм и классик КІыщокъуэ Алим (1914-2001 гъэ.)

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№141 (23.299) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдкй-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэу зи лэжьэгъуэ махуэр сыхьэт бжыгъэ пыухыкІам иту емыкІуэкІхэм гъэ къэс я зыгъэпсэхуГуэм улахуэ зыпэкІуэ зэман зэрыхущІагъу Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдигъэкІа Указ №946-м къару имыІэжу къэлъытэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъ и Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 45-нэ, 46-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. «Къэбэрдкй-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІэу зи лэжьэгъуэ махуэр сыхьэт бжыгъэ пыухыкІам иту емыкІуэкІхэм гъэ къэс я зыгъэпсэхуГуэм улахуэ зыпэкІуэ зэман зэрыхущІагъу Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м къыдигъэкІа Указ №946-м къару имыІэжу къэлъытэн.

2. Мы Указым къару егъуэт 2016 гъэм шыщхьэуІуэм и 2-м щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№84-УГ

Япэ илъэс ныкъуэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалэжьа мэкъумэш продукцэм и цасэр сом меларди 10-м ноблагъэ

Мэкъумэш продукцэу дызэрыт илъэсым и япэ мазихым Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалэжьащ сом меларди 10-м нэблагъэ и цасэ, къет статистикэмкІэ республикэм и щІыналъэ органым.

«МЭКЪУМЭШЫМ и лэжьакІуэ продукцэр сом меларди 10 и уасэ мэхъу, ар 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 0,5-кІэ нэхъыбэщ», - къыщыгъэлъэгъуащ тхыгъэм.

ЩІышылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм Іэщрэ джэдкъазу (зэрыпсэууэ шэчауэ) тонн мин 47-рэ къыщалэжьащ, ар блэкІа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 0,5-кІэ нэхъыбэщ, гъэшу тонн мини 199,7-рэ къашащ (процент 0,3-кІэ нэхъ мащІэ), джэдыкІэу мелуан 93,8-рэ къыщІахащ (процент 3,7-кІэ нэхъыбэ).

«Мэкъумэш организацэхэм зы жэмым хуэзэу ику иту гъэш килограмм 2462-рэ къыщІашащ (блэкІа илъэсым и щІышылэ-мэкъуауэгъуэ мазэхэм къыщІашауэ щытар килограмм 2395-рэщ), зы джэдым ику иту джэдыкІи 120-рэ къыщІахащ (илъэс япэкІэ - 116-рэ)», - къет Къэбэрдей-Балъкъэрстатым.

ПсэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мини 100-м щІигъу

Дызэрыт гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мини 100-м щІигъу щаухуащ, къет статистикэмкІэ КЪБР-м и щІыналъэ органым.

ПРЕДПРИЯТЭХЭМРЭ организацэхэмрэ, уней ухуэныгъэхэри хэту, илъэсыр кьыззрихьэрэ республикэм и щІыналъэм фэтэрыщІэу 790-рэ щащІащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мини 109,8-рэ кьикІыу, 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм елъытауэ ар процентэ 5,2-кІэ нэхъыбэщ.

Къуажэхэм псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 24,5-рэ хьэзыр щащІащ, илъэс япэкІэ елъытауэ ар процентэ 7,2-кІэ нэхъыбэщ.

«Унагъуэхэм яухуащ псэупІэу метр зэбгъуэзнатІэ мин 99,9-рэ, ар хьэзыр ящІа псэупІэ псоми я процент 91-рэ мэхъу», - къеГэлъэГагъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрстатым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

● «Налшык-2016»

НОВОЖИЛОВ Сергей:

«Зэи дигу ихунукъым»

КЪБР-м и Музыкэ театрым щызэхуащІыжащ «Налшык-2016» фестивалхэм я япэ дунейпсо кинофестивалыр. Ар ирагъэкІуэкІащ «Мисс русское радио-2004» зэпеуэм и япэ вице-мисс Жылэ Илонэрэ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, Урысейм кинематографие щІэныгъэхэмрэ гъэзэджэхэмкІэ и академием хэт Новожилов Сергейрэ.

ПШЫХЬЫР къызэІуахащ Къурашэ Эдуард зи художественнэ унафэщІ, лъэпкъ къафэхэмкІэ щапхъэу къалъыта «Вагъуэшыр» сабий ансамблым (Нартан къуажэ).

Новожиловым къыхигъащащ «Налшык-2016»-м дунейпсо кинофестивалхэм нэхъыфІу къыщалъыта, саугъэтхэр зыхуагъэфэща фильмхэр зэрыщагъэлъэгуар, Урысейм, хамэ къэрал кинорежиссёрхэм мастер-классхэр зэрыщатар, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым Кавказ Ищхьэрэм киногъэзэджэм зыщегъэужьыным теухуа зэІущІэ щхьэпэ зэрыщрагъэкІуэкІар, «Дыгъэпс къалэм», щІыналъэм и лъэпкъ театрхэм зэрыщыІар, Налшык къалэм, республикэм и щІыпІэ дахэхэм гукъинэжу зэрызыщрагъэлъпІыхьар, Іуащъхьэмахуэ районым, Бахъсэн къалэм концертхэр къызэрыщызэрагъэпэщар, режиссёрхэмрэ артистхэмрэ зэпсэльэну, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ зэхъуэжну Іэмал зэрагІар.

- Фи республикэм щыдгъэкІуа махуитхур зэи дигу ихунукъым. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий фыщІэ хузощІ гуапэу дызэрыригъэблагъэм, хьэщІагъэ кІыззрыдихам, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ зэрыхуищІым папщІэ. Зэхыхьэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьа псоми псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ, - жиІащ **Новожилов Сергей**.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** кинофестивалым кьеблэгъа хьэщІэхэмрэ къызэхуэсахэмрэ защІыхуигъаззм, и псалъэм къыхигъащащ дунейпсо щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэ пажжэр зыхэта зэхьхьэ щІэщыгъуэр гукъинэжу зэрекІуэкІар. Битокъуми фІыщІэ яхуищІащ фестивалыр зи жэрдэмхэм.

Новожиловым къыхигъащащ кинофестивалым хьихьэу ягъэлъэгуа «Слепые свидания» (Куржы), «Анклав» (Сербие/Германие), «Небесное кочевье» (Къыргъыз), «Болгарская рапсодия» (Болгарие), «Колония Дигнидад» (Германие/Люксембург), «С осенью в сердце», «С пяти до семи» (Урысей), «Джулия и мы» (Италие), «Невпродых», «Гражданин» (Польшэ) фильмхэм цІыху куэд къызэрекІуэлІар. А фильмхэм щыщ пычыгъуэхэр къатыжри, пшыхьым кърихьэлІаэхэм ахэр иджыри зэ ягу къагъэкІыжащ. КъищынэмыщІауэ, къызэхуэсахэм Іэмал яІащ фестивалым хэта артистхэмрэ режиссёрхэмрэ я гуащІэ зыхалъхьа кинохэм щыщ пычыгъуэхэм зыхагъэгъуэзэну. Апхуэдэхэщ «Аул Бастунджи», «Московская сага», «Лиризмы», «Чужая мать», «А зори здесь тихие», «Тридцатого уничтожить» фильмхэр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и цІыхубз артистхэхэу **Щэрмэт Людмилэ, Мамаевэ ФатІимэ**, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистэ, артистхэ **ТыІэщ Маринэ**, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Шыбзыхъуэ Басир**, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистхэу, УФ-м и цІыхубэ артистхэу **Ливаное Аристархрэ Прыгунов Леврэ**, театрымрэ киномрэ я артистхэу **Мамрэш Светланэ, Гимадеев Наил, Колосов Максим, Залакс Эдийс** (Латвие), **Макеевэ Анастасие**, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Яковлевэ Маринэ**, СССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шевчук Иринэ**, режиссёрхэу **Параджанов Георгийрэ Щегольков Владимиррэ** (Урысей), **Абдыкалыков Мирлан** (Къыргъыз) сымэ усэхэм, поэмахэм щыщ пычыгъуэхэм къеджащ, узэрэдхэр жаІащ.

УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, «Киновек» продюсер центрым и унафэщІ **Калинин Михаил** и гуапэу фІыщІэ хуищІащ икІи жиІащ кинофестивалым и дамыгъэ хьуа, метр 5642-рэ зи лъэгагъ Іуащхьэмахуэ бгы уардэм хуэдзу лъагэу зэхьхьэр къызэрызэрагъэпэщар икІи зэрырагъэкІуэкІар.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьдин** кинофестивалыр зыгъэбжьыфІа артистхэмрэ режиссёрхэмрэ щІыхь тхыгъэ яхуищІащ.

Къэпсэльа хьэщІэхэм къыхасІощащ кинофестивалыр, республикэм щыпсэу цІыхухэр ягу зэрыдыхьар, абы хьихьэу здэщыІа щІыналъэхэмрэ зыхэта зэхьхьэхэмрэ гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызэрыратар, абы дяпкІи къыпащэну, гъэ хэщ ирагъэкІуэкІыну зэрыщыгугъыр.

Пшыхьым кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ дуней псом щыщІэрыІуэ «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакІуэ ансамблхэм. Куэдым фІыуэ ялъэгуэ «Кабардино-Балкария» уэрэдыр жаІащ Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Лъэпкъ фащэ

1941 гъэм дунейм къытехьащ КІыщокъуэ Алим и япэ усэ тхылъыр. Ар къыздищтэри, зауэм Іухьауэ щытащ усакІуэр. Абы и ужькІэ Алим и къалэмыпэм къыщІэкІащ усэ тхылъ Іэджи роман зыщІжани. Нобэ хэт дежкІи Іупщ щ КІыщокъуэм и Іэдакъэщ Іэкі тхыгъэхэм зэманыр зэрыпэмыльэщар: ар ди лъэпкъым хуэупсащ нэр темыпыІэу зызыужь етІощІанэ лІэщІыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ пашэхэмкІэ гъэнщІа, зи художественнэ къаурыр кІуэ пэтми къебл, зэманым къигъэув упщІэхэм я нэхъ куум жэуап зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкІэ.

АЛИМ и усэхэмрэ и прозэмрэ адыгэ художественнэ гупсысэр фащэщІэкІэ зэраузэдар, абы и кууплІэм, и узэрыпІэм, и гуащІапІэм унэзышэс къару а тхыгъэхэм зэрабгъэдэлъыр хэт дежкІи Іупщ щ.

КІыщокъуэм и усыгъэхэм, и роман гъуэзджэхэм яубзыхуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъэугаНэщІэ техьа къэбэрдей литературэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ и хабзэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэхэр, абы къыпэплъэ зыужьныныгъэм и гъэзапІэхэр наІуэ зыщІар, псом япэрауэ, КІыщокъуэ Алимщ.

КІыщокъуэм и къалэмым къыгъэщІа дэтхэнэ образри кьулейщ, сыт хуэдэ гугъуехьми банэурэ пхыкІыф, ар къаурэр гуащІэкІэ зыуплІэнщІыф цІыхуш Алим ди пащхьэ хьэгъуэзэр - абы дыдригъэплъеин, щапхъэ трыдигъэхьн щхьэкІэ. КІыщокъуэм и усэ пасэхэм къыщыщІэдзауэ, щІэщыгъуэщ а образыр, дапщэщи пфІэхьэлэмэтщ абы и гурыГу-гурыщІэхэм, и Іуэхущ Іафэхэм, и хъуэпсапІэхэм уакІэпылъплъныр. ЕтІощІанэ лІэщІыгъуэ зэрыхьэзрийм и арахъуанэ Іэджэм ущыхуозэ а цІыхум, дэнэ ущрихьэлІэми, уетхьэкъу и псэм хэлъ мафІэмрэ и гурыщІэ гъунапкъэнщхэмкІэ. А цІыхур Алим и усэм дапщэци щыщІэщыгъуэщ, щыкъупейщ. Апхуэдэ цІыхущ мыпхуэдэ псалъэр зи гущІэм къиІукІар:

Махуэ екІуэкІым сыпІащІэу,
Хуэзэгъэощэ сэ данэ.
Гъащ Іиті къалэныр зы гъащ Іэм
ЗэфІэдгъэкІыну добанэ.
Къаурм къыхохъуэ,
Зэм хощІыр.
Сэ сщІэн си гугъэм и ныкъуэ
Сымыщ Іэфауэ къысфощІри
Абы ирохъуэр сигу ныкъуэ...

Апхуэдэущ Алим дунейм зэрытетар - ищІар фІэмащІэрэ нэхъыбэм хуэпабгъэу. ИщІамрэ хуэзфІэкІамрэ езым фІэмащІэми, дэркІэ фІыгъуэ мыльытэщ абы къызэринэкІа дэтхэнэ тхыгъэри. Апхуэдэ тхыгъэщ Алим и романхэр - ди лъэпкъым иужьрей илъэсищэм къикІуа гъуэгуанэ хьэлъэм и тхыдэщ ахэр.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ.

Хьэцэпэцэр Іуахыж

Бахъсэн щІыналъэм и мэкъумэш предприятэхэм хьэцэпэцэр Іуахыж.

НОБЭ ирихьэлІэу бжьыхьэсэ хьэпцІийуэ гектар 400-м нэблагъэр Іуахыжащ. Зы гектарым ику иту къытрахащ центнер 20. МэкъумэшыщІэхэр нэхъыбэкІи гугъэрт, арщхьэкІэ зэранышхэ кьахуэхъуащ бжьыхьэсэ гъавзу гектар 580-м нэблагъэр зыхьа уэмрэ уэшхымрэ.

Щоджэнщыкіум и ЦІэр зезыхьэ кооперативым иІэ гуэдз гектар 1 миным щІигъуи щыщу гектари 150-р кьахащ, зы гектарым хуэзэу центнер 40 кьытрахыу. Лэжьыгъэм пащэ.

ЖАНОКЪУЭ Дисанэ.

● Абы дегъэпІейтей

Іэщым къеуалІэ щІыфашхэр цІыхум и дежкІэ шынагъуэкъым

Нодулярнэ щІыфашхэ зыфІаща узыфэр къыщежьауэ Африкэм и Илщэ, Къуэкіыпіэ щІыналъэхэрщ.

Апхуэдэ узыфэр 2014 гъэм Іэщым къыщеуэлІащ Азербайджаным и район 12-м. Ар гъуэ-бадзэмрэ нэгъуэщІ псэущхьэхэмрэ Тыркум, Ираным зэрахуэ къыщІэкІынуц. 2015 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм нодулярнэ дерматитыр Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ я щІыпІэ щхьэхуэхэм къыщыхъеящ.

ЩІэныгъэлІхэм зэкІэ къагупсысакъым мы узыфэм зэрырищІэтын вакцинэ. Абы къыхэкІыу урысей щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІа гъэунэхуныгъэхэмрэ абыхэм зэхалъхьа чэнджэщхэмрэ ягъэ иткІэ мэлхэмрэ бжэнхэмрэ кьеуалІэ фэрэкІ узым зэрыпащІэт вакцинэр кьэдгъэсэбэпу щІэддзащ, псэущхьэм и ныбжьым елъытауэ дэтхэнэми хуэдищым къыщегъэжьауэ хуэдитхум нэскІэ нэхъыбэ хэтлъхьэурэ.

Нобэм ирихьэлІэу а вакцинэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхъу былымхэм ящыщу мин 80-м щІигъум халъхьащ. Псом япэу профилактикэ лэжьыгъэхэр щедгъэкІуэкІащ икІи вакцинэр къыщыдгъэсэбэпащ ди щІыналъэм и хьурейгъкІэ кьекІуэкІыу, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и адрей субъектхэм узыр къыщыхъеИм ди Іэщыр зэрыщыхьеИм, абы зэрызиубгъу щыкІам. Жылагъуэ псоми я Іэщагъэлъэхэр щІыгъуу ди управлензр зэпымыууэ кІэльоплъ мы узыфэр къызэрыхьейм, абы зэрызиубгъу щыкІам. Жылагъуэ псоми я Іэщагъэлъэхэр я Іэщым я узынщагъэм.

АКБУЛАТОВ Зариф,
КъБР-м Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ.

хьэуІуи и 1-м ирихьэлІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхъу былым псоми а вакцинэр зэрыхалъхьэнум и фІыщІэкІэ, нодулярнэ дерматитыр зы илъэскІэ ди щІыналъэм къыщыхьеинукъым. Гурыуэгъуэщ Іэщым и щытыкІэм зэпымыууэ дыкІэлъэымыплъу зэрымыхъунур. ИужькІэ къытегъэззэкуэ аргуэру быпкІэ а вакцинэр аргуэру хэтлъхьэн хуейщ.

АтІэ нодулярнэ дерматитыр щІыхум и дежкІэ шынагъуэ? Хьэуэ, шынагъуэкъым, ауэ абы хэщІынкІэ кьахуэкъ ди Іэщыхьэхэм.

ЗыгуэркІэ ди щІыналъэм а узыфэр къихьауэ гу лъатэмэ, занщІэу карантин яГэувынущ. Ар щІыфашхэр здэщыІа щІыналъэм щьэщыхьж зы мазэ дэкІрэ быым псори хьужа нэужь.

Зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм я Іэщагъэлъэхэр щІыгъуу ди управлензр зэпымыууэ кІэльоплъ мы узыфэр къызэрыхьейм, абы зэрызиубгъу щыкІам. Жылагъуэ псоми я Іэщагъэлъэхэм я нэІэ трагъэтщ Іэщым я узынщагъэм.

АКБУЛАТОВ Зариф,
КъБР-м Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ.

ПлъапІэ нэхъыщхьэу диІэр Кавказым къэдгъэзэжынырщ

Бадзэуэгъуэм и 15-м ди республикэм и къалащхьэ Налшык къыщетІысэхащ рейс хэхакІэ Иорданием и щыхьэр Амман къильэтыкІа къхъулъатэ. Абы къыздишащ Урыс-Кавказ зауэжьым иужькІэ хамэ къэрал къыщыщІидзауэ щыта ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу щІыхуи 120-м нэблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэр ди лъахэ дэнэ къэна, Кавказым япэу къихьэу аращ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыщІэ Мухьамэд зыщІэс пэшым бадзэуэгъуэм и 15-м дыщІишэри, «Налшык къыщетІысэх кхъухьлъатэм ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ гупышхуэу Иорданием къыздрихьэу ІуэфІ зэрыхуищІым папщІэ. Зэхыхьэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьа псоми псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ, - жиІащ **Новожилов Сергей**.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** кинофестивалым кьеблэгъа хьэщІэхэмрэ къызэхуэсахэмрэ защІыхуигъаззм, и псалъэм къыхигъащащ дунейпсо щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэ пажжэр зыхэта зэхьхьэ щІэщыгъуэр гукъинэжу зэрекІуэкІар. Битокъуми фІыщІэ яхуищІащ фестивалыр зи жэрдэмхэм.

Новожиловым къыхигъащащ кинофестивалым хьихьэу ягъэлъэГуа «Слепые свидания» (Куржы), «Анклав» (Сербие/Германие), «Небесное кочевье» (Къыргъыз), «Болгарская рапсодия» (Болгарие), «Колония Дигнидад» (Германие/Люксембург), «С осенью в сердце», «С пяти до семи» (Урысей), «Джулия и мы» (Италие), «Невпродых», «Гражданин» (Польшэ) фильмхэм цІыху куэд къызэрекІуэлІар. А фильмхэм щыщ пычыгъуэхэр къатыжри, пшыхьым кърихьэлІаэхэм ахэр иджыри зэ ягу къагъэкІыжащ. КъищынэмыщІауэ, къызэхуэсахэм Іэмал яІащ фестивалым хэта артистхэмрэ режиссёрхэмрэ я гуащІэ зыхалъхьа кинохэм щыщ пычыгъуэхэм зыхагъэгъуэзэну. Апхуэдэхэщ «Аул Бастунджи», «Московская сага», «Лиризмы», «Чужая мать», «А зори здесь тихие», «Тридцатого уничтожить» фильмхэр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и цІыхубз артистхэхэу **Щэрмэт Людмилэ, Мамаевэ ФатІимэ**, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистэ, артистхэ **ТыІэщ Маринэ**, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Шыбзыхъуэ Басир**, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистхэу, УФ-м и цІыхубэ артистхэу **Ливаное Аристархрэ Прыгунов Леврэ**, театрымрэ киномрэ я артистхэу **Мамрэш Светланэ, Гимадеев Наил, Колосов Максим, Залакс Эдийс** (Латвие), **Макеевэ Анастасие**, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Яковлевэ Маринэ**, СССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шевчук Иринэ**, режиссёрхэу **Параджанов Георгийрэ Щегольков Владимиррэ** (Урысей), **Абдыкалыков Мирлан** (Къыргъыз) сымэ усэхэм, поэмахэм щыщ пычыгъуэхэм къеджащ, узэрэдхэр жаІащ.

УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, «Киновек» продюсер центрым и унафэщІ **Калинин Михаил** и гуапэу фІыщІэ хуищІащ икІи жиІащ кинофестивалым и дамыгъэ хьуа, метр 5642-рэ зи лъэгагъ Іуащхьэмахуэ бгы уардэм хуэдзу лъагэу зэхьхьэр къызэрызэрагъэпэщар икІи зэрырагъэкІуэкІар.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьдин** кинофестивалыр зыгъэбжьыфІа артистхэмрэ режиссёрхэмрэ щІыхь тхыгъэ яхуищІащ.

Къэпсэльа хьэщІэхэм къыхасІощащ кинофестивалыр, республикэм щыпсэу цІыхухэр ягу зэрыдыхьар, абы хьихьэу здэщыІа щІыналъэхэмрэ зыхэта зэхьхьэхэмрэ гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызэрыратар, абы дяпкІи къыпащэну, гъэ хэщ ирагъэкІуэкІыну зэрыщыгугъыр.

Пшыхьым кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ дуней псом щыщІэрыІуэ «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакІуэ ансамблхэм. Куэдым фІыуэ ялъэгуэ «Кабардино-Балкария» уэрэдыр жаІащ Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Бэрэжьей махуэм Абхъазым и утым.
Сурэтыр **Къумахуэ Аслъэн** *трихащ.*

ЩІышылэ иІэ ирихьэлІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхъу былым псоми а вакцинэр зэрыхалъхьэнум и фІыщІэкІэ, нодулярнэ дерматитыр зы илъэскІэ ди щІыналъэм къыщыхьеинукъым. Гурыуэгъуэщ Іэщым и щытыкІэм зэпымыууэ дыкІэлъэымыплъу зэрымыхъунур. ИужькІэ къытегъэззэкуэ аргуэру быпкІэ а вакцинэр аргуэру хэтлъхьэн хуейщ.

АтІэ нодулярнэ дерматитыр щІыхум и дежкІэ шынагъуэ? Хьэуэ, шынагъуэкъым, ауэ абы хэщІынкІэ кьахуэкъ ди Іэщыхьэхэм.

ЗыгуэркІэ ди щІыналъэм а узыфэр къихьауэ гу лъатэмэ, занщІэу карантин яГэувынущ. Ар щІыфашхэр здэщыІа щІыналъэм щьэщыхьж зы мазэ дэкІрэ быым псори хьужа нэужь.

Зыхуэфащэ Іуэхущ Іапі эхэм я Іэщагъэлъэхэр щІыгъуу ди управлензр зэпымыууэ кІэльоплъ мы узыфэр къызэрыхьейм, абы зэрызиубгъу щыкІам. Жылагъуэ псоми я Іэщагъэлъэхэм я нэІэ трагъэтщ Іэщым я узынщагъэм.

АКБУЛАТОВ Зариф,
КъБР-м Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ.

ЩІыпІэ къыщыщІидзауэ щыта ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу щІыхуи 120-м нэблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэр ди лъахэ дэнэ къэна, Кавказым япэу къихьэу аращ.

ЩІыпІэ къыщыщІидзауэ щыта ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщу щІыхуи 120-м нэблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэр ди лъахэ дэнэ къэна, Кавказым япэу къихьэу аращ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыщІэ Мухьамэд зыщІэс пэшым бадзэуэгъуэм и 15-м дыщІишэри, «Налшык къыщетІысэх кхъухьлъатэм ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ гупышхуэу Иорданием къыздрихьэу ІуэфІ зэрыхуищІым папщІэ. Зэхыхьэр къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьа псоми псалъэ гуапэхэр яхуэфащэщ, - жиІащ **Новожилов Сергей**.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Битокъу Владимир** кинофестивалым кьеблэгъа хьэщІэхэмрэ къызэхуэсахэмрэ защІыхуигъаззм, и псалъэм къыхигъащащ дунейпсо щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакІуэ пажжэр зыхэта зэхьхьэ щІэщыгъуэр гукъинэжу зэрекІуэкІар. Битокъуми фІыщІэ яхуищІащ фестивалыр зи жэрдэмхэм.

Новожиловым къыхигъащащ кинофестивалым хьихьэу ягъэлъэГуа «Слепые свидания» (Куржы), «Анклав» (Сербие/Германие), «Небесное кочевье» (Къыргъыз), «Болгарская рапсодия» (Болгарие), «Колония Дигнидад» (Германие/Люксембург), «С осенью в сердце», «С пяти до семи» (Урысей), «Джулия и мы» (Италие), «Невпродых», «Гражданин» (Польшэ) фильмхэм цІыху куэд къызэрекІуэлІар. А фильмхэм щыщ пычыгъуэхэр къатыжри, пшыхьым кърихьэлІаэхэм ахэр иджыри зэ ягу къагъэкІыжащ. КъищынэмыщІауэ, къызэхуэсахэм Іэмал яІащ фестивалым хэта артистхэмрэ режиссёрхэмрэ я гуащІэ зыхалъхьа кинохэм щыщ пычыгъуэхэм зыхагъэгъуэзэну. Апхуэдэхэщ «Аул Бастунджи», «Московская сага», «Лиризмы», «Чужая мать», «А зори здесь тихие», «Тридцатого уничтожить» фильмхэр, нэгъуэщІхэри.

КъБР-м и цІыхубз артистхэхэу **Щэрмэт Людмилэ, Мамаевэ ФатІимэ**, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналистэ, артистхэ **ТыІэщ Маринэ**, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Шыбзыхъуэ Басир**, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистхэу, УФ-м и цІыхубэ артистхэу **Ливаное Аристархрэ Прыгунов Леврэ**, театрымрэ киномрэ я артистхэу **Мамрэш Светланэ, Гимадеев Наил, Колосов Максим, Залакс Эдийс** (Латвие), **Макеевэ Анастасие**, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Яковлевэ Маринэ**, СССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шевчук Иринэ**, режиссёрхэу **Параджанов Георгийрэ Щегольков Владимиррэ** (Урысей), **Абдыкалыков Мирлан** (Къыргъыз) сымэ усэхэм, поэмахэм щыщ пычыгъуэхэм къеджащ, узэрэдхэр жаІащ.

УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, «Киновек» продюсер центрым и унафэщІ **Калинин Михаил** и гуапэу фІыщІэ хуищІащ икІи жиІащ кинофестивалым и дамыгъэ хьуа, метр 5642-рэ зи лъэгагъ Іуащхьэмахуэ бгы уардэм хуэдзу лъагэу зэхьхьэр къызэрызэрагъэпэщар икІи зэрырагъэкІуэкІар.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьдин** кинофестивалыр зыгъэбжьыфІа артистхэмрэ режиссёрхэмрэ щІыхь тхыгъэ яхуищІащ.

Къэпсэльа хьэщІэхэм къыхасІощащ кинофестивалыр, республикэм щыпсэу цІыхухэр ягу зэрыдыхьар, абы хьихьэу здэщыІа щІыналъэхэмрэ зыхэта зэхьхьэхэмрэ гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызэрыратар, абы дяпкІи къыпащэну, гъэ хэщ ирагъэкІуэкІыну зэрыщыгугъыр.

Пшыхьым кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ дуней псом щыщІэрыІуэ «Кабардинка», «Балкария» къэрал къэфакІуэ ансамблхэм. Куэдым фІыуэ ялъэгуэ «Кабардино-Балкария» уэрэдыр жаІащ Гъуазджэхэмкіэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Бэрэжьей махуэм Абхъазым и утым.
Сурэтыр **Къумахуэ Аслъэн** *трихащ.*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 3.6-1-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 3.6-1-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и Iуэхущ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэштэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэнатlэм хуегъэхьын Iэ щIыдзын икIи цIыхухэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м
№521-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым и 3.6-1-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къиштащ 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ къуаншагъэхэмкIэ и кодексым, №66-Р3-м щIэту 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыщатам, и 3.6-1-нэ статьям и япэ Iыхьэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы хэт «игъэзэщIэн зэримыдэм» псалъэхэр зэхъуэкIым «Балигъ мыхъуа цIыхуу си ныбжьыр илъэс 14-м щегъэжьауэ илъэс 18-м нэс лэжьапIэ къащтэн папщIэ ягъуэва квотэхэм ту илъэс 14-18-м ит балигъ мыхъуа цIыхухэр игъэувын папщIэ лэжьапIэ зытым Iэнатlэхэр зэрыхуахимыхым папщIэ», псалъэхэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м
№42-РЗ

Сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, абыхэм пальыт цIыхухэм иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хигъэхьэ псэупIэхэм къезыщынухэр убзыхуныжыкIэ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм етыным и Iуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ №120-ПП

«Къэралыр, муниципалитетхэр зыхуэй товархэр, лэжьыгъэхэр, Iуэхутхъэбзэхэр къэщхунымкIэ Iэнатlэм щыIэ контракт системэм и Iуэхущ» 2013 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №44-ФЗ-м и 26-нэ статьям и Iыхьэ 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Заказчикым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ, щIалэгъуалэм я IуэхущхьэмкIэ и министерствэм сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, абыхэм пальыт цIыхухэм яхухиын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хигъахьэ псэупIэхэм къезыщынухэр убзыхуныжкIэ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм етыным и Iуэхущ» щIэныгъэмрэ, щIалэгъуалэм я IуэхущхьэмкIэ и министерствэм сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыжу къэна сабийхэм, абыхэм пальыт цIыхухэм яхухиын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хигъахьэ псэупIэхэм къезыщынухэр убзыхуныжкIэ полномочиехэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм зэрыдзлажьэ щIыкIэр къэштэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы Унафэм къару иIэщ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ
МУСУКОВ Алий

Шууейхэр гъуэгу тохьэ

«Къэбэрдей-Балъкъэрыр - теплъыджэхэм я Iыахэщ» зыфIаща щу зекIуэр, дзэ хэтщ Франджмырэ Польшэмрэ къикIахэри) бадзэуэгъуэм и 22-м сыхьэт 17-м Налшык Абхъазым и утым деж щрагъэжьэнущ.

● Зекlуэ

УрыIС географие обществэм и республикэ къудамэм кьыззригъэпэща мы Iуэхур хуэгъэзащ КъБР-р фIы и лъэныкъуэкIэ къеГъэцIыхуным. Ар зэхашэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и щIыналъэ зэгугъхьэныгъэри хэту.

Шууейхэм я зекIуэр егъэкIуэкIынымкIэ жэуап зыхь, Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ къыщацIыху тхакIуэ, лъахэхутэ **Котляров Виктор** къыджиIащ:

- Нэгъабэрей зекIуэм КъБР-м и щIыпIэ дахэ куэд сэтей къыщIащ. Абыхэм ящыщщ метр 80-м нэс си кууагъ бгъуэнщIагъ тельыджэр къыщагъуэта Хьэрэкхъуэрэ бгы зэхэтыр, Кьармэхьэблэ куэажэм и гъунэгъу Шэтхъурей хыжьейхэр - мыбдеж щытрахауэ щытащ «Земля Санникова» фильм щIэрыIуэр, Европэм щынэхъ дахэ дыдэхэм хабжэ Джэдмыших псыкъельэр, Балъкъ и псыхъуащхьэхэмкIэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыщIэж Псы Хущхъуэхэр (ди япэ псэуа адыгэхэм «Таучащхэ я псынащхьэ» зыхужаIэу щытар), «Нэмыцэ аэродромыр», «Iэгъэбзугухэм я хуейр», нэгъуэщIхэри.

Гъуэгу техьэхэм мы гъэми гъэщIегъуэн куэд ялъагъунущ. Шы гъэхъуным хуэIэзэ, республикэ псом къыщацIыху ЕгъэнIэрахьим зи пашэ гупыр Налшык икIынурэ испы-унэ (дольмен) теплъэ зиIэ кхъэлэгъунэ къыщагъуэта Лашынкъей и Iэхэлъахэм зыщалпIыхьыхьнущ.

АдэкIэ гупым и гъуэгуанэр мыпхуэдэщ: Хьэрэкхъуэрэ - ЕкIэпцIэкхъуэ - Хьэмащэ хъупIэ - Тызыл тIуащIэ (псыкъелъэ, бгы гъунэм дзэзрыхь псы куэпсэхэр щызэхэлъэдэж хыжьей телъыджэ, нэгъуэщIхэри здэщыIэ) - Инал шытхыр. Мы иужьрейм гупыр махуищкIэ щылэжьэнущ, бгъуэнщIагъыбэу кьеГъэщылпIам зыщалпIыхьыхьнущ, къъэлъахэжьу зрихьэлIэхэм щыгъуазэ зыхуащIынущ, тхыдэм и щахуэгр куэду здэщыIэ Урды псыхъуэм дыхьэнущ, лIэщIыгъуэ куэд ипэкIэ псэуа цIыхухэм сурэт зэмылIэужьыгъуэхэр зи джабэ нэкIуэхэм тращIыхьауэ щыта бгым кIэрыхьэнущ, Iэрыпlуатэм куэдрэ кьыхэщ Науэжьыдзэ Iуащхьэм дакIынущ.

Пэжьыгъэр зэрIаГъэкIа иужь, гупыр Зеикъуэ Iуажэм къекIуэлIэжьынущ. Абы кыригкIуэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и щIыпIэ тельыджхэхэм ятеухуа фильм игъэхьэзырынущ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапцэ.

Хэт нэхъ лъэщ?

● Прохладнэ щIыналъэ

Мы махуэхэм Прохладнэ къалэ администрацэм и бжэIупэм щекIуэкIащ кIапсэ зэпекъуныкIэ щIыналъэм и чемпионат.

МЫ ЗЭПЕУЭМ бжьыпэр щиубыдащ Къэрэгъуэ и «Дружба» командэм, етIуанэр Псынщокъуэм и «Старт»-м къихьащ, ещанэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ Прохладнэ щIыналъэм и ДОСААФ-м и «Приют» гупым хэтхэм.

ИгъащIэ лъандэрэ лъэпкъ куэдым къадекIуэкI кIапсэ зэпекъуныкIэ Прохладнэ щIыналъэм къыщощIэрэщIэж икIи а спорт лIэужьыгъуэр хэмыту зы махуэщхэм зэхъыкъэ екIуэкIыркъым. Абы балигъхэри сабийхэри зэхуэдэу дехьэх.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Абхъаз утым цIыху 500-м щIигъу кърихьэлIат.

ПлъапIэ нэхъыщхьэу диIэр Кавказым къэдгъэзэжынырщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Кхъухьлъатэр къэтIысац, абы исахэр щIэплъыкIыплэм зырызурэ къыдагъэкIыу щIадзащ. Абыхэм я мурад псори зыхуэкIуэжыр зыт: я адэжьхэр зэрыса Хэкужьым зыщалпIыхьу «ижь зыщIрагъэхунырт», ди щIэкIэ-псэукIэм зыхагъэгъуэзэнырт, апхуэдэ щIыкIэкIи я нэгу зыщрагъэужьынырт.

- КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхута адыгэ-абазэхэм ящыщ куэд иужькIэ къэрал щхьэхуэ хъужа Иорданиеми къыщыщIидзащ. Абыхэм я бжыгъэр мы зэманым мини 100-м ноблагъэ, - жиIащ хьэщIэхэм я зэщIэгъэуIуакIуэ гупым хэт Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд. - «ЗекIуэр» дэ езым ди мылъкукIэщ нэхъыбэу кьызэгъэзэнэ зэрыхъуари. Апхуэдэ щIыкIэм тету мыпхуэдиз адыгэ абы дипэкIэ зэи Хэкужьым къикъакъым. Ди лъэпкъэгъуэхэр езым я жэрдэмкIэ къакIуэ зэрыхъунур япэу кьытхуэзыуэтар КъБКъУ-м щеджа, Иорданием щыщ Бырс Маруанщ. Зи гугъу тщIы Iуэхур зэрызэфIыхьамкIэ абырэ Архъагъэхэ Мухьэмадрэ Марвэрэ я фIыщIэшхуи хэлъщ.

КъыздэкIуам хьэщIэхэр зыхуэй хуэгъэзэн, щIыпIэ дахэхэм къыщешэкIын Iуэхуэмкlэ къызэгъэпэщащIуэ зэхэтщ. Дэ дыбгъэдыкьащ Iурылъ анэдалъхубзэмрэ нэхъыбэ къыщыгъуэ и нэгум къищIымкIэ дыдэзыхьэха бзылъхугъэ лъагъуэгъуафIэм.

- Тхьэ гугъу дехьамэ! Нышэдибэ лъандэрэ гъуэгу дытетщ. Бырсхэ сранысэщ, ЛъэнкIэпIашхэ срапхъуц, си цIэр Фадиещ. Хэкужьым япэу сыкъихьэу араща. Щ1ыпIэ куэдым сыщыIами, иджыщ Кавказым сыкъыщыкIуэр. Ди хэгъуэгур, ди адэшхуэхэр щыпсэуар, тлъагъунуди дыкъэкIуащ. Ди щIэблэ цIыкIухэр махуэ шыбжанэ ипэкIэ мыбы къашауэ щыIащ. Зыщагъэпсэху. Ахэр илъэс къэсыхукIи къокIуэ, ауэ иджы дэ япэу дыкъажьауэ араща.

- ХьэщIэхэм дащепсэлъыплIэм, Жамырзэ Ирадэ ахэр дигъэцIыхурт. ДгъэщIагъуащ ящыщ куэдым я цIэ-унэцIэм зэрыщыгъуазэр. КъыгъэкIырти, си чэзыр къэсу щIэплъыкIыплэм къыдагъэкIам гуфIэжу пежьэрт. Къыдбгъэдишахэм нэIуасэ дахуищIырт.

- Илъэс 63-рэ си ныбжьщ. Си щхьэгъуэсэри сщIигъущ. Мыр абы и дэлъхущ, - зэкIэлъитгъэпIащIэу жиIэри, къьбгъэдэтым дежкIэ зригъэзэкIащ Алъэсчыр Самир. - И Iэщ1агъэкIэ дохутырщ, урысыбзи ещIэ.

Фlэхъус тIэкIур япэти, ар зэрызэфIэкIыу, нэхъыжьыфэ зэтплъа, жьакIэ тхъуа зытет лIым доупщI:

- Урысыбзэ пщIэуи?

- Урысыбзэкъым, болгарыбзэщI! - къыдитыжащ жэуап Кьунаш Жэмал. - Амман сыщопсэу. Къэрал кIуэцI Iуэхущхэмкlэ министерствэм и сымаджэщым ортопед-травматолог Iэщ1агъэм сыщролажьэ. Зэрыфлъагъущи, ди унагъуэр зэрыщыту дыкъэкIуащ.

Хамэ къэралхэм щикIухьа ди лъэпкъэгъэхэмрэ дэрэ ди зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ хъун, efIэкIуэн папщIэ, абыхэмрэ дэрэ нэхъ быдэу дызэрыубыдыпхъэщ. А гупсысэращ купщIэ нэхъыщхьэу хэтлъэгъуар Дыгъужьокъуэ Мухьэмэд ипхъу Санэ къыджиIахэм.

- Кавказыр Хэкужьщ. Къэгъэзэжыным си щхьэкIэ хуабжьу сыщIохъуэпс. Ауэ сэ сэ гукъеуэ ин яIэщ, «дызыхамыгъэзэгъэжынкIэ дошынэ» жаIэри. Нэхъри, мы къэралым къыщекIуэкI политикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, унафэщIхэри, жылагъуэри абы нобэ хуэхъэзырыщIу къыщыхъуркъым. ИтIани «гугъэр адэжь щIэинщ» жыхуиIэращи, плъапIэ нэхъыщхьэу диIэр Кавказым къэдгъэзэжынырщ.

ЗэрищIа махуэ бжыгъэм кьэриубыдэу хьэщIэхэм Хьжьей ЩхьэнатIэхэр, Щэджэмпсыкъелъэхэр ирагъэлъэгъуащ, Iуащхьмахуэ лъапэ зыщрагъэгъэпсэхуащ, Налшык Абхъазым и утым бэрэжьей кIуам щекIуэкIа Адыгэ джагум я нэгу зыщрагъэужьащ. Нобэ, бадзэуэгъуэм и 22-м, Амман лъэтэжьнухэщ.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

ЛъэпкъыфI и бын зеиншэ хъуркъым

Иорданием къикIауэ махуэ зыбжанэ хъуауэ Налшык щыхьэщIэ ди хэкуэгъуэм далъытыгъуэзэну абыхэм я хэщIапIэм, «Синдика» хьэщIэщым, декIуэлIат «Адыгэ псалъэм» и корреспондент Къумахуэ Аслъэнрэ сэрэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щагъэкIуа махуэхэм кьарита гукъыдэжьыр зыхуэдизыр кьэщIэгъуафIэт абыхэм я нэгуэмкIэ. Адэжь лъахэм къэзышэжа гъуэгуанэм насыпыфIэ зэрищIар кьрагъуэтэну дзэтхэнэми я псалъэр яхуримыкъуми, я щытыкIэмкIэ къьбгурагъыуэрт. Илъэс 62-рэ зи ныбжь цIыхубэ гуакIуэ, Нэхущ Зейн, куэд щIауэ си цIыхугъэу щытам хуэдэу гуапэу сэлам къызэх, и унэкъуэщ дадэри къызигъэцIыхуну мэпIащIэ. Мы гупым нэхъыжь дыдэу яхэтыр араща, зи ныбжьыр илъэс 86-рэ ирикъуа АфIэунэ РатIибщ. Хэкужьым зи щыпэкIакIуэт ахэр, икIи къыщакIухьа щIыпIэхэм щалъэгъуахэр кьаззэрыщыхьуам я гугъу щащIыжьым, адрей псом къыдэкIуэу, абыхэм гу зылъатар нэхъ гукъинэ сщыхъуащ:

- Хамэ лъэпкъым зэман кIыхькIэ дахэсами, Хэкужьым из адыгэхэм дарэ тепIэкIэ дызэщхьщ. Ди ныбжьыщIэхэри зэхуэдэу дахэщ, джэгум щыхэтым, зэхэтщIыхукIыртэкъым.

Абыхэм гуапэу фIыщIэ хуащIащ илъэс куэд щIауэ я нэр къызыхуикI хэкур яльагъунымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуахэм, псом хуэмыдэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд, хэхэсхэмрэ хэкурыхсэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр нэхъ куу щIыным лъэкI кьимыгъанэу зэрыбгъэдэтым папщIэ.

Гъуэгуанэ кIыхь кьызэпачу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэкIуа мухьэжьрхэм кьащIэхъуа ныбжьыщIэхэм адыгэбзэр нэхъыбфIу зыщIэу яхэтыр Архъагъэ Хьэшымт. Ар гуапэ, гъэщIегъуэн къызэрысщыхъуам гу щылIитэм жеIэ:

- Ди адэ-анэм кьытIуралъхащ адыгэбзэр. Си анэри си къуэш-шыпхъуэхэри бжьэдыгъубзэм нэхъ иропсалъэ, сэ абы кьыдэкIуэу къэбэрдейбзэри фIыуэ къызохъулIэ. Амман Хасэм къекIуалIэ адыгэхэр нэхъыбэу хьэрыпIбзэкIэ щызопсалъэ. Школым класс щхьэхуэхэр щыIэ щхьэкIэ, а зы дерсым къызэрыщIэкIыжу хьэрыпIыбзэкIэ псалъэ мэхъуж. Къэбэрдейм щыщу ныбжьыгъу куэд сиIэщ сэ, абыхэм я фIыгъэщ адыгэбзэр нэхъыфIу зэрыгъэшэрыуар, ди лъэпкъ тхыдэми нэхъ щыгъуазэ сызэрыхъуар.

Илъэс 26-рэ зи ныбжь Архъагъэ Хьэшым и унаГуэр Амман щопсэу, Хэкужьым зыбжанэрэ щыIами, иджыирей къэкIуэгъуэм илъэгъуахэр фIэтелъыджэщ, абы къарита гурыщIэм и Iэфlагъымрэ гуапагъэмрэ пщалъэ гъэрым пхуигъэувэнукъым. Хьэшым Иорданием фIыуэ къыщацIыху, абы Iэпщэрыбанэ спорт лIэужьыгъэмкIэ я деж щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэхэр къыщихьащ, хамэ хэрал куэдми зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы къыдэкIуэу, юрист Iэщ1агъэр зригъэгъуэтауэ уэчылу мэхъужащ, адыгэ пщащэ щхьэгъуэсэ хуэхъуауэ насыпыфIэу зэдопсэу. И лъэпкъым и тхыдэм дехьэх, абы теухуауэ куэд йоджэ жиIэ куэдым зэрыщыгъуазэм ирогуфIэ. ЩIалэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ иужьрей зэманым лъэпкъымкIэ къеIэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хьэрыпIым кIуэ пэтми хожэбзэж ди лъэпкъыр. Нэхъыбэр абы иригузавэркъым, ар тэрэзу къалыгтэри. Лъэпкъым и нэщэнхэр хъумэным нэхъыщIэхэр нэхъ хущIэкъумэ, нэхъыжьыуэхэм а зи гугъу сщIыхэр кьафIэIуэхужькъым, кьагъэззэжыным я гугъэр хахьжьпауэ мэпсэу, - жеIэ Хьэшым.

Хьэшым и адэшхуэм и адэшхуэ Архъагъэ Мэхьир Урыс-Кавказ зауэм зэкIуэда нэужь, абы и щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ Истамбылакlуэ гъуэгуанэ хьэлъэм теувааш, Амман нэсри абдежым кьыщызэтеувыIащ.

- Ди адэшхуэ Хьумар хъыбар куэд дригъэдаIуэрт, абы и адэж Хьусен, илъэс 15 и ныбжьу хэкур зрагъэбгынам, кьИуэтэжахэм ящыщу. Хэкум зэ нэхъ мыхъуми кьагъэзэжыну щIэхъуэпсу дунейм ехьжа ди адэжьхэм елъытауэ, нобэ дынасыпыфIэу къызолъытэ. Сэ Къэбэрдейм къэзгъэзэжыпэну си мурадщ. Си адэжьхэр къызыдэкIа Къэрэгъэш къуажэм унэ къыщыщэхуу абы унагъуэ щхьэхуэу дыщыпсэуну сыхуейщ. Нобэ а къуажэм щыпсэу си Iыхьлыхэм срагъэблагъэ. Си адэжьхэм я лъахэр слъагъунущ, абыхэм кьыщакIухьа щIыналъэм сытеувэнущи, абы сызэрригуфIэр псалъэкIэ пхуэIуэтэнкъым. Си гугъащ си лъэпкъэгъуэр гуапэу кьысIущIэну, - къыздогуашэ и гурылъхэкIэ Хьэшым.

«ЛъэпкъыфI и бын зеиншэ хъуркъым», - жаIэ. Ди лъэпкъым и дежкIэ фIыгъуэ мылъытэщ мы щIалэм хуэдэ щIэблэр. ФэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу абы и Хэкужьыр фIыуэ зэрилъагъуэ, гупсысэ купщIафIэхэр иIэрэ, езым хуэдэу хэкупсэ ныбжьыгъуфIхэри зригъэгъуэтауэ, и мурадхэр лъэпкъым и къкIуэнум триухуауэ мэпсэури, и гурылъ псори кьехъулIэну ди гуапэщ.

Адыгэ щIыналъэм и IэфIагъыр ягъэунэхуауэ, бысымхэм я гуапагъэр зыхащIауэ зыгъэззэжыну ди лъэпкъэгъуэхэм яIуэтэжьын я куэдщ. Дыщогугъ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпызыщIэ гъуэгур дяпэкIи нэхъри бгъуфIэ, хэкум кьеIэну гу жан зиIэхэр нэхъыбэж хъуну.

ЩОДЖЭН Iэминат,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдз.
Сурэтхэр **Къумахуэ Аслъэн** *трихащ.*

Иорданием къикIа хьэщIэхэр.

АфIэунэ РатIибрэ Нэхущ Зейнрэ.

Архъагъэ Хьэшым

НОБЭ

♦Москва и уафэр зыхъумахэм я махуэщ

♦Азербайджаным и лъэпкъ прессэм и махуэщ

♦Таджикистан Республикэм и къэралыбзэм и махуэщ.

♦1989 гъэм таджикыбзэр а къэралым и бзэ нэхъыщхьэу щагъэзащ.

♦Африкэ Курыт Республикэм щагъэлъапIэ хабзэ гъэщIэгъуэн - жыг хэсэным и махуэр

♦1795 гъэм Шереметевым и щIапIэм къыщызэIуахащ «Останкино» театр-уардэунэр.

♦1894 гъэм Париж дунейм щыяпэу автомобиль къызэдэжэхэр щызэхэтащ.

♦1910 гъэм Ясная Полянэ хэщIапIэм мафIэсышхуэ къыщыхьури, Толстой Лев и Iэрытхэр хисыхащ.

♦1918 гъэм Урысейм и Цlыхубэ комиссархэм я советым унафэ къищтащ сондэджэрхэм япэщIэтыным теухуауэ.

♦1927 гъэм Италием къыщызэрагъэпэщащ «Рома» футбол клубыр.

♦1945 гъэм КъАССР-м и щакIуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.

♦Романовхэ ящыщу Урысейм и япэ пащтыхь хъуа **Михаил Фёдор и къуэр** къызэралъхурэ ильэс 420-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор цIэрыIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Сухой Павел** къызэралъхурэ ильэси 121-рэ ирокъу. Абы и унафэм щIэту зэпкъралъхьащ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэ 50-м щIигу. Абыхэм я нэхъ лъэщу къалъытэхэм хабжэ дзэм къыщагъэсэбэп Су кхъухьлъатэхэр.

♦КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Кlыщокъуэ Алим** къызэралъхурэ ильэси 102-рэ ирокъу.

♦Франджы уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Мирей Матье** и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, композитор, усакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Газманов Олег** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

♦АР-м щыщ журналист **Мамрыкъуэ Нуриет** къыщалъхуа махуэщ.

♦Театрымрэ киномрэ я урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Розановэ Иринэ** и ныбжьыр ильэс 55-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, Олимп чемпион, Стэнли и Кубокым тIэунейрэ къэзыкъа **Зубов Сергей** и ныбжьыр ильэс 46-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи Iэмыщ1э имылъым ущымыгугъ.

МылІэжьныгъэм стелъщ и щІыхуи, Абы и пщІантІэм фыкъыдэплъэ

Уахътыншэ

КІыщокъуэ Алим и усыгъэхэм, роман гъэзэджэхэм яубзыхуащ зауэ нэужь илъэсхэм гъэуэгуанэщІэ техьа къэбэрдей литературэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэмрэ и унэтІыпІэхэмрэ. Нобэрей ди литературэм и лъэпкъ фащэкэр, абы къыщІэлъ гъэгуанэм и гъэзапІэхэр зыубзыхуар КІыщокъуэ Алимщ. ДэркІэ фІыгъуэ мылъытэщ абы къыдэринэкІа дэтхэнэ тхыгъэри. Ахэр гъэнщІащ гупсысэр зыгъэлажьэ, гъащІэмрэ эзманымрэ я куупІэр зи лъабжьэ псалъэмакъкІэ. Тхыдэр игъэбатэми, нобэрей дунейм и шыфэлІыфэр, и зэхэлъыпІэхэр, и унэтІыпІэхэр игъэнахуэми, КІыщокъуэм и къалэмым цІыхум и гущІэлъапсэм дрегъаплъэ, абы и фэм дэкІымрэ и гум щыщІэмрэ ди пащхьэ кърелъхьэ.

Алим и тхыгъэхэращ къэбэрдей литературэм и цІэр къэралым, дуней псом цІызыгъэІуар. Ди литературэр зи лъабжьэр куу, зи пщІэр лъагэ художественнэ хъугъуэфІыгъуэ хъуамэ, ар, псом япэрауэ, зи фІыщІэр КІыщокъуэщ.

Алим и цІэр зэи щыгъупщэнукъым адыгэм - апхуэдэ цІыхур уахътыншэщ. Ди лъэпкъым ар хуэупсащ нэр темыпыІэу екІуэкІа XX лІэщІыгъуэ хьэлъэм и гупсысэ жанхэмкІэ гъэнщІа, зэманым ди пащхьэ къригъэувэ упщІэхэм я нэхъ гугъуэм жэуап зыщагъуэт тхыгъэ телъыджэхэмкІэ.

КІыщокъуэ Алим пщІэшхуэ зиІа, цІыхугъэ лъагэрэ лІыгъэ мыкІуэщІыжрэ зыхэлъэ цІыхуу щытащ. Сыт хуэдэ ІэнатІэ бгъэдэувэми, ар псоми къахэщырт и гуащІэр зэрыныкІэ, къэралгъэ пэжыкІэ - абыкІэ щапхэт дапщэщи.

Къэралым хуэфащэ пщІэ къыхуищІащ адыгэ тхакІуэ, усакІуэ щэджащэм и гуащІэдзкІым - КІыщокъуэ Алим къыфІащащ «Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь» цІэ лъапІэр, РСФСР-м и Къэрал сагуъэтыр кьратащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ» цІэ лъапІэр зэрихьащ.

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэр Вёшенскэ станицэм щохьэщІэ. *СэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ сурэтым итщ:* **Кулиев Къайсын, КІыщокъуэ Алим, Щоджэнцыкіу Іэдэм, Шолохов Михаил, Гуртуев Берт, ШкІэрокъуэ Амырхъан, Теунэ Хьэчим.** *1962 гъэ*

ПщІэлей

КІыщокъуэ Алим сэрэ ди адэжь лъэхэр зыщ. Ди анэхэр зы бзэкІэ псалъэу щытащ - гурыщІэ дахэрэ шэрыуагъэкІэ гъэнщІа пасэрей адыгэбзэщ. Щхьэмыж дыщафэхэм я толъкъунхэм яуфэбгъу Кавказ тафэм и губгъуэхэр дэ дыщалъхуэ щыналъэщ. Ди лъахэр сигу къыщыкІыжкІэ, си нэгу къыщІэкІыхь уафэ щыхуфэр зыщхьэщыт тенджыз дыщафэр.

КІЫЩОКЪУЭР щалъхуа щІыпІэм пщыхьэщхьэ бзыгъэу дыгъэм и къухьэгъуэм уиплъыкІмэ, Іуащхьэмахуэ и къуапэ хужьыТыр кавказыбгхэм я щхьэщыгу дыдэм уардэу къытету уолъагъу. Дэ ди щІыпІэмкІэ уиплъыкІмэ, ар къыщыпхуэлъагъунур пщэдджыжь пшэплъыр къыщищІым дежщ. Аддэ жьыжьэу, уафэмрэ щыльэмрэ я зэхуакум деж лъагэ дыдэрэ плъыжьгъуэжьыфэу зыкъыщигъэльэгъуэнщи, уэгум хэщыпсыхьыжьыщ; икІи къыбгурымыуэу уеплъынущ - апхуэдизу лъагэу дауэ зиІэтыфа, апхуэдизи зи хьэльагъым щІэгъэкъуэн хуэхъуэ сыт?

Мис а дунейр, пшахъуэмрэ ятІагъэмрэ, дзэл жыг чыцэжи я дунейр, зэ елпъыгъэкІэ цІыхуІэ зыпъэмыІэсауэ къыпфІэщІ дунейр, аращ дэ ди лъахэр. А лъахэм и теплъэр тэмэму къыщыгъэльэгъуауэ си гугъэщ КІыщокъуэ Алим мэз кхъужьейм хуитха уэсэм.

Сэ къызгуроІуэ КІыщокъуэр Кавказ тафэм и нэгъыщэ мэз кхъужьейр, абы и кьудамэ пхъашэ банаджбэхэу уэзэшмыгъэІуэсэм щхьэкІэ къэмынэу, адрей псоми къащыхигъэщхьэхукІым деж...

КІыщокъуэм и прозэр абы и усэхэм кхахэтэджыкІащ.

ДАНГУЛОВ Савва,
тхакІуэ. 2004 гъэ
Ермэлыхэблэ (Армавир).

МыкІуэдыж фІыгъуэ

Алим мы дунейм ехьжыну зэи сигу кьэкІыртэкъым. Мо дыгъэм, мо мазэм, мо Іуащхьэмахуэ е Урыхужь ещхьу, игъащІэкІэ псэун къысфІэщІырт. Ар зытемыт дунейр дуней нэпцІу къэсслъытэрт. Алим къыпщхьэщымытмэ, мы дунейм щІэнтхъуэрыгъуэм утетынри шынагъуэ хъурт. Абы и жьауэм ущІэту утхэнри уи лъэпкъым хуэузлэжьэнри дэрэжэгъуэт. Алим диІэмэ, ди лъэпкъыр хэутэн яхуэщыпкъым, жиІэрт си псэм. Алим псэумэ, ди литературэм и пщІэри яхуэудыхынкъым. Алим кьытщыхьэщымэ, ди бзэри яхуэгъэгъункъым...

АТІЭ НОБЭ адыгэлІ щэджащэр зыхэмытыж лъэпкъыр дымыгуІэмэ, хэт гуІэпхъэр? Сэри зысхуэмыубыдыжу согуІэ, абы и шыпхъэхэр, и къуэшхэр зэрыгуІэм хуэдэу. Ярэби, абыхэмрэ сэрэ нэхъыбэ зыфІэкІуэдар хэту пІэрэ? - жызоІэ. Абырэ дрэ дызыкъуэшуи дызэныбжьэгъууи щытакъым, абы и кІуэгъу-жэгъухэми сахэтакъым, зыгуэр зыхуищІахэми сащыщакъым. Ауэ сэ къэсщІэжьмэ ар си Іустазу, си уэзэщІакІуэу щытащ. Иджы сызоплъэкІыжри, слъагъур сыт? КІыщокъуэм ижь къысщІихуэмэ, сэ литературэми щІэныгъэми щызлэжьар нобэ зэрыщытым нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъахъшэ сфІэхъунут. Сэ нэхърэ нэхъыжьхэми, си ужькІэ кьалъхуахэми - ар тхакІуэ щІы, е щІэныгъэлІ щІы, е тхылъеджэ щІыи - зы цІыху къахэпшыфынкъым Алим и дыгъэ къытемыпсауэ, гупсысэ тельыджэ къірмытауэ. Щоджэнцыкіу Алий и ужькІэ лъэпкъым гупсысэ и Іузхуэкіэ игъуэта зыужьынигъэр Алим хуэдэу зыгъэкІуэтэфа сэ сцІыхуркъым.

«Шум и гъуэгу» тхылъыр къызэрыдэкІ пьандэрэ уэзэщІ щэджащэм псалъэ куэд ГъащІэ ГъуазэІ схуищІащ, а псом къахэлыдыкІыу си гум кьинар «Насып мыухыр си гуращэр Мазхуэл и гъэгум щыхуэмей» жьхуиІэращ.

Лириксэр романкІэ КІыщокъуэм япэ ищы къытхэкІакъым. Сэ абы къизгъэкІыркъым адыгэ литературэм и шу пашэм итха псори зэхуэдэу, ауэ тхакІуэм и пщІэр къэзыгъэльагъуэр и текІуэныгъэхэращ. УсакІуэр кьуршым ебгъэщхьмэ, жьипІэ хъунщ Алим ауэ куухэри, уэгум щІэуэ ІащхьэхэрэкІ и куэду. Абы и Іащхьэ нэхъ лъагэхэр къыубжэкІыну ухуежьжьэмэ, напэкІуэцІ Іэджэ ящтэнущ усэхэм, поэмэхэм, романхэм. Сэ куэд щІауэ сыщІохъуэпс КІыщокъуэм иуса псоми сахэщыпыхьу, усыгъэ курыхэрэ тхылъ щхьэхуэу къыдэзгъэкІащэрэт жьзоІэри. Апхуэдэ тхылъым къигъэльэгъуэт зауэкІуэм и щэджащагъэр - ар ахьм хуэдэу зэрыкуурри, Іуащхьэмахуэ, уеблэмэ Джомолунгмэ хуэдэу зэрыльагэрри... Апхуэдэр тхылъыщхьэ щІын хуейкъым, абы хэгъэхьапхъэр уэгум щІэуэхэращ.

КІыщокъуэм и тхыгъэхэр томиплІу, «Нал къутари» хэту, Москвау (1981-1982) Налшыки (1984-1986) къыщыдэкІащ. ЛІыхъужьым и Дышэ Вагъэри и бгъэм къыхалъхьащ. Абы и ужькІэ тхылъ телъыджэхэр ихащ («Вагъуэ махуэ», «Лъапсэ», «Хъыбархэр», нэгъуэщІхэри).

КІыщокъуэ Алим и цІэри и тхыгъэхэри мыкІуэдыж фІыгъуэу дунейм тетынущ. Адыгэбзэр псэухукІэ, ари псэунущ.

Адыгэхэм уэзэщІакІуэ Іущу диІа Алим, уэ уи адэанэм я пащхьэ напэ хужьжьІэ уихьэжащ. Уэ уи пащхьэм напэ хужьжьІэ нихьэжьин Тхьэм дэри дищІ!

Алим ещхьу, «си гъащІэ ябгэр щызыухьнум, шы жэр сытесу среух» сэри!

НАЛО Заур,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз тхакІуэ. 2004 гъэ

Зэи и напэм епцІыжакъым

Псалъэ гуапэр, гурыщІэ Іэджэр, хуэхъуэ дахэхэр гъунэжщ. ТхыльымпІэм ирижну хьэзыр хьуа къалэмыр сІыгъщ зыІэщІэзмыгъакІыу, тхэну сфІэлъэпІастхъэу. Си псэм къепщІа гуапагъэ Іэджэм сахощыпыхьыжьгукІэ. Нэхъ псалъэ хъарзынэ дыдэхэр кьыхэсхыурэ, удэ Іэрамэу зэхэслъхьэну сыхэтщ. АбыкІэ сыхуэупсэнут Алим, ди адыгэ тхакІуэшхэм, ди гъуазэм, ауэ, бетэмал, си гухэлъ псори кьрисІуэтэну згъуэтыркъым сызыкъуей псалъэхэр.

СЫЩЫСЦЩ, къалэмыр сфІэлъэпІастхъэу. Сыдоплъ щхьэгъубжэм. Дунейр нэщхьхьифІэщ. Жыгхэр кьакъутэ пхъэщхьэмыщхьэм - Алим и Іэдакъэщ Іэкіхэм хуэдэу, ахэр берычэт нэщэнщ. ЖьакІэхэу хьужьауэ, кьуршхэр дыгъэм поплъэщ, кІыпыгуфІыкІхэу къыпщохъу. Алим изогъэщхь абыхэм я нэхъ лъагэр, я нэхъ уардэр, я нэхъ бжьыфІэр. Ди Іуащхьэмахуэщ КІыщокъуэм и фэр куэд щІауэ зэсплъыр. Апхуэдэу уардэу, бжьыфІэу Алим кьахэотэджыкІ ди бгырыс тхакІуэхэм. Абы и усыгъэхэр налкъут щыгъэу щызэщІопщІыпщІэ адыгэ поэзием. Алим и романхэм кьахэотэджыкІ зэи уигу имыхуж образэкэ - ІыкІуэ зэхуэмыдэ. Іэджэм я къэлэщэнхэр, я дуней еплъыкІэхэр, я псэукІэр къызыщыгъэльэгъуахэр.

КІыщокъуэм и романхэр революцІэмрэ абы и ужькІэ екІуэкІа гъащІэмрэ я гъэджэнхуэщ. МыкІуэгъжьн икІи темыкІыжьын гъащІэщи, кьэхъуну щІэблэхэр абы иплъэмэ, илъэс блыщІым ди цІыхухэм я псэукІар щалъагунущ. ЯльагъукъудейкІэкъэмынэу икІи игъэгуІэзэнынущ... Зыщ щІигъэгуІэзэнурри: иджыпсту ежьауэ нэгъуэщІхэм сэтей къащІыж пэж шынагъуэр, ягъэм яхужмылар е жаІэну зрамыкуар - псори щышынэзэманым Алим пэжыр жиІэфырт. Абы текІуэдэжи пэтащ. ЗыгъэжьІуну хэтэ жагъуэгъэхэми ящыщ куэд псэущ, пцІы супсмэ, ядэнкъым.

Сэ къызолъытэ: зэманым декІуакъым, зэманыр зыхуэдэр наІуэ къэзыщІыфыращ ткакІуэр. ТкакІуэхуэщ, ткакІуэ нэсщ Алим. ПэжымкІэ пцІым и нэр изыщІыфу псэуа ткакІуэщ, зи напэм зэи емыпцІыжа цІыхущ.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ,
Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цІыхубз тхакІуэ. Мейкъуапэ къалэ

Дерс Іущхэр

Гукъэкі бжьыгъэнщэрэ гупсысэ мыужьыхькІэ гъэнщІащ КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэмрэ гъащІэмрэ, кууагъ и лъэныкъуэкІэ абы бжьыпэр щиІыгъщ бгырыс лъэпкъхэм я литературэм, хуэфэщэжу къыхужаІэ «Иджырей Кавказым и акъылыфІэ» псалъэхэр.

ЖЬПІЭЖЬІНУРАКЪЭ, лІэщІыгъуэ дызэрыпым лъэпкъым кьикІуа гъуэгуанэм и фІыпІэри и гуащІагъри КІыщокъуэм Іэзэгъэ уардэкІэ кьипщытэжащ, пкъырэ псэрэ хэлъу ди пащхьэ кьурилъхьэжащ, кьэкІуэнут хуэунэтэ дерс Іущкіэ ипсыхьащ. БлэкІам хэлъа бзаджагъэхэмрэ щыуагъэхэмрэ темыгъэзауэ, фІыгъуэм щІбэнын - аращ КІыщокъуэм цІыхубэр зыхуиущийр. А гуращэращ КІыщокъуэм и тхыгъэхэм я пщІэр зэхъурэ зыгъэлъагэр.

Дэтхэнэ зы тхакІуэшхэми хуэдэу, сакъыу икІи тКІийуэ ехъумэ КІыщокъуэ Алим цІыхубз гъащІэм и лІэужь къабзэхэр, зыхилъхьэ щымыІэу.

Ди зэманым и гуращэхэмрэ и ужькІэ кьышІын мурадкІэ, КІыщокъуэм и усэхэми и романхэми щыгъунэжщ ЩыгъажэящІрэ щы кьатежмэ, ЕхъуапсэфІэкІи цІыху мыфыгъуэт.

Иджыри Іэщэм е бгырыпхым, Іэлъынь дыщэкІыу зи Іэщагъэм Дамыгъэ телъу сэ солъагъурИ, КьысфІощі къысщахуэу сэри дагъэ.

Уэрэд зыусыми игу мыпыІэ, И усэр шыфІым пилъытауэ, И лъэпкъ дамыгъэр телъым хуэдэу, Ехь гъуэгу нэхъ гугъэм зритауэ.

Нэхъ зи гур жаныр жьжьэ плъэурэ, Нэхъ лъэрымыхьыр япэ йощыр, Арщхьэкіэ куэди хуэмыкІуфу КъыкІэрохуэжьыр, къутэм щІопщыр.

Сэ си шыр кІуэру схуэгъэсакъым, Гъуэгу цІэнтхъуэрыгъуэ схутемыкІ. Кьатежмэ, жьсІэу, сокур сІыгъыу, Сыкъепсыхьыни схулъэмыкІ.

Псалъэ

Уи уни кхъухьи - сыти жыІэ, Сыт цІыху Іэдакъэм щІэмыкІар? Уэрэд жьзыІэр гупсысамэ, Гум лъагъунигъэр кьеІуламэ, Псалъэщ нэхъапэ гум къкІар.

Бзэр дзэыгъащІэр Тхьэм иуэщІ, Дунейм и фІыгъуэм щремыщІэ, Псалъэм текІуэну Іэщэ щыІэу Нобэр кьыздэсым сэ сымыщІэ.

Джатэдзэу жану щыІэщ псалъэ, Зыжеп Іэм и гум ныщІолъадэ, КІыфІым хэхуами хэмыкІуадэ, Зыщьбгъэгъупщэу гум имыдэ.

Зи псалъэ дыджьр насыпынщэщ, Кхъыжьдэзкіахэр и щхьэ уасэщ. И мыхьэнэри псалъэм сощІэ, Бзэм хуэшэрыуэр сэ си щІасэщ.

Уэрэрылъагъум уи бзэр дахэщ, Бзэр зэкІэщІешыр ныкъэжъуэным. Зыгуэр дэхуэхрэ - псалъэ хуэдэ Нэхъыфі ухуейкъым щІэбгъэкъуэну.

Вагъуэр мо уафэм икІуэдыкІра? - Хуэдабзэщ вагъуэм дэ ди псалъэр, Жьызыіа дыдэр щымыщІэжми, Икінкъым зэи бзэм и пІалъэ.

Ем щІэкъум мэхъур ер и натІэ, Гу къабзэ зиІэм и къабзагъэр Лъагъуныгъэшхуэм хуохъур гъуси, Насыпу ди гур егъэзагъэр.

ДАНГУЛОВ Савва,
тхакІуэ. 2004 гъэ
Ермэлыхэблэ (Армавир).

Шыхулъагъуэ

Алимрэ сэрэ лэжьыгъэкІи ныбжьэгъугъэкІи гъунэгъу дыдэ дызэрызэхуэхъурэ куэд щІащ. Ди сабиигъэри щытхъар зы псыхъэщ, зыпсщ дызэфащ, бгыщхьэщІыплъэмэ, зы къуршт тІури дызыуплъэр, зы пшэ гуэрэнщ уафэм щытлъагъуу щытар. Зауэм и зэманым, дызэрихьэлІэри, зауэлІ гъуэгуанэ эдэхтІащ, зы щІакІуэ ттеубгъуауэ, жэщ мащІэ щитхакъым зэуалІэ губгъуэм.

ЗАУЭМ и мафІэр къыджьэхэлыдэу, Индыл Іуфэ дыщежьэри, Дон губгъуи къызэдэкІащ дэ. Донбасс хуит къэзыщІыжаехэми дахэтащ, Перекоп деж дыщызэщащ, Сиваш дызэпрыкІащ. Зы щІакхъуэ Іыхьэ зэдэтшхащ абы щыгъуэ Алимрэ сэрэ, зы тутын дызэдефащ... Гугъуехь ущыхэтым дежщ ныбжьэгъур къыщыпцІыхур. Алимрэ сэрэ дызэгъусащ абы щыгъуэ, гугъуехьи гуаии щІэкІащ ди нэгу, ди фэм дэкІар машІэкъым. Абы щыгъуэщ Алим фІы дыдэу къыщысцІыхуар.

Дон губгъуэ диту, Алим зы усэ къыхсуеджауэ щытащ. ИгъащІэкІэ сщыгъупщэжьнукъым сэ а усэр, апхуэдизкІэ гукъинэ сщыхъуащи. Зи гугъу сщІы усэр цІэрыІуэ дыдэ хъуауэ щытащ иужькІэ: уІэгъэ хьэлъэ хъуа и ныбжьэгъур зэуалІэм кьрех зауэлІым; уІэгъэр ки хьэлъэІу: «Сэ укъызэлІалІэурэ, уэри уаукІынущ, сэр щхьэкІэ зумыгъэуэкІ, уи щхьэр кьегъэІ - насыпыр Іыхьэ мыгуэшцІ». ЗауэлІым и ныбжьэгъур губгъуэм кьринакъым, мафІэм кьыхихащ, езыр хэкІуэдэнкІэ зэрыхъунуми еплъакъым...

Іэджэ щІащ а усэр абы и кьалэмыпэм кьызэрыщІэкІрэ - зауэ гущІэм щыхэта махуэ хьэлъэрщ щитхар. Алим хэлъ лІыгъэмрэ цІыхугъэмрэ я закъуэкъэ а усэм тетыдзжэм къиІуатэр, ар Алим и творчествэ псом щапхъэ хуэхъуащ. Зауэ гуащІэм и курыкупсэм хэтащ Алим, абы и мафІэлыгъейр кьыжьэхэлыдэурэ, зауэлІ хахуэм и гъэзуанэр икІуащ, и усэри езыри а зауэ гуащІэм и мафІэм япсыхащ. Къэралым псом кьыщацІыху, зи цІэр жьжьэ щыІуа усакІуэшхуэ хъуащ Алим. Абы и япэ тхылъыр кьыщыдэкІар 1941 гъэрщ. Ар кьыздищтэри, зауэм кІуэу щытащ Алим. И япэ тхылъыр дуней кьызэрытехьар гуфІэгъуэт усакІуэм дежкІэ, гуауэт, гукъэтэгъуэт зытехьэ гъэзуанэр. Тхылъ цІыкІур кьыздрихьэкІащ абы, зауэм хэтыху. Ар щыхьэт техьауэ щытащ кьэбэрдей литературэм усакІуэшхуэ кьызэрыщІэтэджам. Алим гъэзуанэ кІыхь кьызэрыщІэпІым, ар усакІуэшхуэ зэрыхъунум япэ гу лъызытар Щоджэнцыкіу Алийщ - арат Алим и егъэджакІуэр, щапхъэ зытрихьір. Алий, ди шынэхьыжьыр, зауэм хэкІуэдащ, дэ ди насыпым кьрихьэкІри, псэууэ дыкъыхэкІащ зауэ гущІэгъунщэм и мафІэм.

ТхакІуэм и пщІэр щалъытэкІэ, псом япэ зэпІлър абы и лъэпкъым и литературэмрэ и щэнхабзэмрэ хилъхьа гуащІэрщ. Аращ зэлъытар абы лъэпкъ тхыдэм къызэрыщІэкІар: Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм пщІэшхуэ зиІэ увыпІэр. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм пщІэшхуэ зиІэ увыпІэ кьыщылъсоу Алим, ар абы езым и гуащІэдэкІкІэ кьилэжьа пщІэм.

КУЛИЕВ Къайсин,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз усакІуэ, Ленин сагуъэтым, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал сагуъэхэм я лауреат. 1979 гъэ

ТІощІ гъэхэм я блэкІа жыжьэр си нэгу кьыщІохьэж. Сэ иджыри сыщІыкІуащ. Зэм щыкІэ, зэм машинкІэ зы щІыпІэм дикІрэ адрейм дыІэпхъуэу (си адэм и лэжьыгъэр апхуэдэт) Кавказ щІынальэм и бгылъэ гъуэгуэр щІыдощкІ...

ЗЭМ ТЕБЭРДЫКІЭ кьыщыкъуг дыгъуэкъэм сыкъагъэуш, зэми Іуащхьэмахуэ лъапэ дыгъэ кьыщІэкІым дыщыІуощІэ, махуэм нартсанэ псынэхэм зыщыдогъэпскІ, бгы джабхэм зэ кьыщыпыдох, итІанэ, аргуэрыжьу, уафэмрэ щІыпІэмрэ щызэтэхьэкІыр мэщэнауэ, бгыхэри мэщэнауэ - сэ уанэгум сисщ, си щІыбагъымкІэ быдэу саубыдауэ Іэ лъэщхэм сабыгъщ, щІакІуэм кьыхих мэ гуакІуэмрэ удыщІэхэм я мэ Іэфымрэ кьысщІэхьэ, абыхэм зэззмызэ сырымэ гуэрэри кьахоззрыхь - ар зыщІыпІэ мафІэ щызэщІагъэстащи, мафІэм и ГъусэУ пшагъэри ес - пщыхьэщхьэкъеГъэзэкІщ... ИкІи, жейм сыздыхилъафэм, си щхьэм щызэблокІ псалъэ гъэщІэгъэнхэу щэхугъэ гуэрхэр зыхэлъхэр: Микоян-Щыхьэр, Владикавказ, Красная Поляна...

Кіыщокъуэ Алим и «Кхъужьыфэ» романыр зытепсэлъыхьыр, сыщамыльхуами, си сабиигъуэ пасэр щызГъэкІуа, щІыуэпс лъэщым гуэрхэкІыж Іэджэ сабиигъуэм кьыщирина, и дахагъэм и ІэплІэ лъэщхэр кьыщысхуэзІуиха щІынальэм зэрыщІекІуэкІыр арагъэнщ а тхыгъэм гулъытэ лей хуэсщІу сыкъыщІеджар.

Кіыщокъуэм и лъэпкъым и псэукІэм, хабзэхэм фІы дыдэу хещІыкІ. Абы зыхещІэ лъэпкъым и гурыщІэ псори, и гуаУи и гуфІэгъуи. Ар нэ жьанщ икІи набдзэгубдзапльэщ. ТкакІуэм Алейуэ уэрэдым жиІэркъым адыгэлІым и жейри уанэгум щрихыу. ИкІи мы зи гугъу сщІа псори этнографие гъущэу аракъым, абыхэм я кьуагъ кьыкъуэльщ лъэпкъ псом и псэукІэр, и дуней тетыкІэр, а лъэпкъым кьэрал гулъытэу кьыслъысыр зыхуэдэр кьыздэгъуэгурыІуэр.

«Кхъужьей жыгыжь... Жыгыжь Іэплакіуэ. Тетщ Іуащхьэм мажсий диным и зэман лъандэрэ. Абы зэгуэрым ди адэшхуэхэм я адэжхэм щхьэщэ хуащІу щытащ. Зиубгъуащ абы лІэщІыгъуэ бжьыгъэкІэрэ, кьудамэбэ хъуащ; жьжьаплъэу укъаплъэмэ, жыг зыбжанэ зэхэзыгъ жыг пщыІэ щхьэцантІэ ящІи хуэдэу кьыпфІощІ... Пасэрей хабзэхэм зэрыжаІэу щытамкІэ, кхъужьей щІагъыр тхьэ елъэІупІэщ. Дин махуэшхуэм деж мыбы ви, бжэн, мэл кьахурти, гъущІ Іэплъакіэ я натІэр кьрагъэсыкІырт, а Іэщыр тхьэм зэрыхуэдэкІыи и дамыгъэу; Іэщ яуклІахэм я щхьэхэр жыг кьудамэхэм ф1адэзрт, сабийжэр яГъэшынэу».

А жыгым и тхьэмпэхэр иджыри кьэдрэ Іущащэнущ, абы иджыри кьэдрэ кхъужь кьыпыкІэнущ, абы и щІагъыр уэшхым зыщащхьэмэ щхьэкІэ цІыхухэм егъэзыпІэ яхуэхъунущ. Жыг уахътыншэ. Лъэпкъым и гъащІэ жыг.

ОГНЕВ Владимир,
критик.
Москва къалэ

Зырамыкурэ Алимрэ. *1989 гъэ*

Алим и тхыльыщІэр («Мывэ хуабэ») и анэ Куэз Щхьэлыкъуэ хуишащ. *1964 гъэ*

КІыщокъуэ Алим и усэхэр

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
Дунейр збгынауэ фи мыгугъэ.
ЗылІ кІымыгъащІэ сэ згъэщІами,
Сыт щыгъуи гъащІэр си щІэщыгъуэщ.

Щ1ыхуэ зытелъым хуэмытыжмэ,
ХэкІыпІэ куэдрэ ар мыльъыхуэу,
Зи щІыхуэ телъым дежьи кІуэрти,
Хуэув и хабзэт ар Іэщыхъуэу.

Сэ фыкъысхуейуэ сывмыгъуэтмэ,
ФемыпІэщІэкІыу фыкъыспэплъэ.
МылІэжьныгъэм стелъщ и щІыхуи,
Абы и пщІантІэм фыкъыдэплъэ.

Зеич лантІэ

Зеич лантІэу гъэшыгъуафІэ,
Си адыгэ хэку,
Хэку гъэфІэну сиІэ закъуэ,
Си адыгэ хэку.
Зи щІасэгъуэхэр зи жагъуэгъум,
Си адыгэ хэку,
ХигъэгъуащІу зи мыхабзэ,
Си адыгэ хэку.
Уэжьагъуэр псым хрепкІэ.
Си адыгэ хэку,
КІэлъыхэпкІэри епкІыхыу,
Си адыгэ хэку.
Дэп жьэражьэ сыпхуэхъункъэ,
Си адыгэ хэку.
Къурш псы уэру сыкъехуэхми,
Си адыгэ хэку,
Пшахъуэ налъи пщыщ исхакъым,
Си адыгэ хэку.
Зы уІэгъэ уэ къыптехуэм,
Си адыгэ хэку,
УІэгъищэу зыхьзощІэ,
Си адыгэ хэку.
Дыщэ шууэ сыкъхихьэжьым,
Си адыгэ хэку,
Сэламыхьу сынпхуокІуэ,
Си адыгэ хэку.

Дамыгъэ

Дамыгъэ телъу и бжэ-куэбжэм
ІэщІагъэ зиІэм къыдалъагъурт.
Шыбэ гуартэ мылъкуу зугъуеями,
Шы къэс дамыгъэр телъу плъагъурт.

ЛІы хахуэ лъэпкъым къахэхъуКІмэ,
И напщІэ телъыр лъэпкъ дамыгъэт,
Шыгъажэ ящІрэ шы кьатежмэ,
ЕхъуапсэфІэкІи цІыху мыфыгъуэт.

Иджыри Іэщэм е бгырыпхым,
Іэлъынь дыщэкІыу зи Іэщагъэм
Дамыгъэ телъу сэ солъагъурИ,
Кьысфіощі къысщахуэу сэри дагъэ.

Уэрэд зыусыми игу мыпыІэ,
И усэр шыфІым пилъытауэ,
И лъэпкъ дамыгъэр телъым хуэдэу,
Ехь гъуэгу нэхъ гугъэм зритауэ.

Нэхъ зи гур жаныр жьжьэ плъэурэ,
Нэхъ лъэрымыхьыр япэ йощыр,
Арщхьэкіэ куэди хуэмыкІуфу
КъыкІэрохуэжьыр, къутэм щІопщыр.

Сэ си шыр кІуэру схуэгъэсакъым,
Гъуэгу цІэнтхъуэрыгъуэ схутемыкІ.
Кьатежмэ, жьсІэу, сокур сІыгъыу,
Сыкъепсыхьыни схулъэмыкІ.

Псалъэ

Уи уни кхъухьи - сыти жыІэ,
Сыт цІыху Іэдакъэм щІэмыкІар?
Уэрэд жьзыІэр гупсысамэ,
Гум лъагъунигъэр кьеІуламэ,
Псалъэщ нэхъапэ гум къкІар.

Бзэр дзэыгъащІэр Тхьэм иуэщІ,
Дунейм и фІыгъуэм щремыщІэ,
Псалъэм текІуэну Іэщэ щыІэу
Нобэр кьыздэсым сэ сымыщІэ.

Джатэдзэу жану щыІэщ псалъэ,
Зыжеп Іэм и гум ныщІолъадэ,
КІыфІым хэхуами хэмыкІуадэ,
Зыщьбгъэгъупщэу гум имыдэ.

Зи псалъэ дыджьр насыпынщэщ,
Кьэжьдэзкіахэр и щхьэ уасэщ.
И мыхьэнэри псалъэм сощІэ,
Бзэм хуэшэрыуэр сэ си щІасэщ.

Уэрэрылъагъум уи бзэр дахэщ,
Бзэр зэкІэщІешыр нЫкъэжъуэным.
Зыгуэр дэхуэхрэ - псалъэ хуэдэ
Нэхъыфі ухуейкъым щІэбгъэкъуэну.

Вагъуэр мо уафэм икІуэдыкІра? -
Хуэдабзэщ вагъуэм дэ ди псалъэр,
Жьызыіа дыдэр щымыщІэжми,
Икінкъым зэи бзэм и пІалъэ.

Ем щІэкъум мэхъур ер и натІэ,
Гу къабзэ зиІэм и къабзагъэр
Лъагъуныгъэшхуэм хуохъур гъуси,
Насыпу ди гур егъэзагъэр.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Дауэ адыгэ унэцІэхэр зэрытхын хуейр?

● Іуэху еплъыкІэ

Урысибзэкіэ адыгэ унэцІэхэм ящыщ хэдыр зэратхыр сфІэмыитэмэму илъэс зыбжанэ хъуауэ абы сыкІэлъоплъ, материал зэхуэсхьэс, унэцІэ щхьэхуэхэр щІызодэжьыкІ, бзэ щІэныгъэм ипкъ иткІэ зэпкърызох, зызозІэзахуэ. Иджы мурад сшІащ абы къыриІуа си гурыгъу-гурыщІэхэмкІэ ди щІэныгъэлІхэмрэ ІэщіагъэлІхэмрэ, журналистхэмрэ тхакІуэхэмрэ, гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм, ди лъэпкъ уардэм и къэкІуэнум игъэпІейтей дэтхэнэми садэгуэшэну. Зи гугъу щІыпхъэ псори зы тхыгъэм къыщІэмыІуэтэфми, гу зылъыста зыбжанэм я щапхъэ хъэсхьынщ.

ГУРЫЦУЭГЪУЭКЪЫМ икІи ар бзэм и хабзэ гуэрым теткъым хьэрф «Е»-кІэ къыщІидзэ адыгэ унэцІэхэм ящыщ зыбжанэр (Едэкъуэ, Едгъул, Елбэд, Елдар, Елгъэр, Елмэс, Ерыпсэу, Ерыстау, Ержьб, Елыахъу, Ефэнды, Елджар) урысыбзэкІэ щызэрадзэкІкІэ хьэрф «э»-кІэ къриІуажьэу щІатхыр (Эдоков, Эдгулов, Эльбердов, Эльджаров, Эльдаров, Эльгаров, Эльмесов, Эрипсоев, Эристов, Эржибов, Этлуков, Эфендиев. Къимыдэкіэ, Едэкъуэ (Эдоков), Ерыпсэу (Эрипсоев), Ерыстау (Эристов) унэцІэхэр зэхуэкІуэу е зэтехуэу, къэплъытэ хъунукъым.

Бахъсэн районым дызыщихьэлІэ унэцІэхэм ящыщ зыбжанэм сыкъытеувыІэнщ. Псалъэм папщІэ, «Абзыуан» унэцІэр сыт «Абзевамов» щІэхъуар? «Уэзрокъуэ» унэцІэр сыт «Азрокову» щІатхыр? Мы унэцІэр «Озрокову» щатхи щыІэщ, ауэ тІум нэхъри нэхъыфІкъэ «Уазроков» жаІэу ятхмэ?

«Ахъуэбэч» унэцІэр щхьэ «Ахабекову» тхын хуей? «Ахубеков» жиІэу тхамэ, нэхъ тэмэмкъэ? Къэмэрэ «АфэщІыж» унэцІэр сыт «Афасижев» щІэхъуар? Бзэ щІэныгъэм къыдэрилытэмкІэ, хьэрф «щ»-р зэи «с»-м хуэкІуэнукъым. Абы къыхэкІкІэ «Афашижев» жьІэни тхыни хуейщ.

«Бырхъэм» унэцІэр «Берхамов» жиІэу птхынщ тэмэмкъым хьэрф «ы»-р «е»-м зэрыхуэмыкІуэм къыхэкІкІэ. Пэжыр «Бирхамов» жьІамэщ. «Бырсекъуэ» унэцІэри аращ - «Бирсеков» жьІэпхъэщ икІи тхыпхъэщ. Мыпхуэдэ дыдэщ «Быкъыш» унэцІэри. «Бэлэтокъуэ» унэцІэр «Болотоков» жиІэу щІэптхын щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыІэкъым. «Борэн» унэцІэр «Буранов» жиІэу тхынщ тэмэмкъым «Боранов» жьІэни тхыни хуейщ. Аращ пэжри.

Хьэрф «Д»-кІэ къыщідзэ унэцІэхэм я тхыкІэми хьэдэгъуэдахэ гуэрхэр хэтщ: Джаз- Газ, Джатэрыв1 - Гетериев, Джэдмышов - Гедмишов, Джатэжьокъуэ - Готэжоков, Дыджэ - Дыгов, жьхуаІэхэр. Апхуэмыдэ дыдэми, «Дэбагъуэ» унэцІэр зэратхымкІи (Добагов) акъыплэгъу ухъу хъунукъым.

«Жьыкъуэ» унэцІэр «Жуков» жиІэу, «Дзэмыхь» унэцІэр «Замихов» жиІэу, «Дзасэжь» унэцІэр «Засежев»-у жиІэу зэратхыр тэмэму хэт жиІэфын? «Дабагов», «Дзамихов», «Дзасежев» жьІамэ икІи тхамэ нэхъ тэмэмкъэ?

«Къалэбэч» унэцІэр «Колобеков» жиІэу, «Кхъуэтепыхьэ» унэцІэр «Котепахов»-у, «Гувэжькъуэ» унэцІэр «Куважуков»-у щІэптхын щхьэусыгъуэ щыІэу слъагъуркъым, икІи «Калабеков», «Кхуатепихов», «Гуважуков» жьІэнкІэ нэхъ тэмэму къысщохъу.

Адыгэбзэм и хабзэм тету мы Іэхуэм убгъэдыхьэмэ, «Мамыхъу» унэцІэр «Мамухову» зэратхыр сфІэзахуэкъым, сыту жьІпІэмэ, хьэрф «ы»-р «у»-м хуэкІуэнкІэ Іэмал иІэкъым, абы къыхэкІкІэ мы унэцІэр «Мамихов» жиІэу тхыпхъэу къызолъытэ (хьэрф «ы»-р тыншу «и»-м хуэкІуэ хабзэщи). «Молай» унэцІэр «Молоев» жиІэу щІатхыр гурыІэгъэхъым, икІи «Молаев» жиІэу тхыпхъэу къызолъытэ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ «Мэрзей» унэцІэм. Мы унэцІэм тхыкІэ зэмыліэужьыгъуэхэр яІэу лъэпкъ куэдым я деж щызокІуэ. УнэцІэм ущрохьэлІэ адыгэхэм, асетинхэм (осетинхэм), балъкъэрхэм, къэрэшейхэм, тэтэрхэм, таджикхэм, туркмэнхэм я деж. «Мэрзей» унэцІэр урысибзэкІэ зэратхыр бзэ щІэныгъэм зыкІи къеззэгъыркъым: хьэрф «э» кІэщІыр «и»-м хуэкІуэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абы къыхэкІкІэ ар Іэмал имыІэу Іуэхум къыхэлъытапхъэщ.

Псори дызэса «Нэгумэ» унэцІэри урысибзэкІэ зэрытхар тэмэму къэплъытэ хъунукъым: «Нэгумэ»-р «Ногмов» жиІэу. Сэ нэхъ сфІэзахуэр «Нагумов» жиІэу тхыныр аратэ. «Ногмов»-р нэгъуэщІ унэцІэм хуэдэ мэхъу.

«Уэзы», «Уэдижь», «Уэтэр», «Уэзыньжокъуэ», «Уэсмэн» унэцІэхэр, нэгъуэщІ зыгуэркІи хьэрф «о»-кІэ къыщІидзэу «Озов», «Одижев», «Отаров», «Озенжоков», «Османов» жиІэу зэратхыр сфІэтэмэмкъым. Сыт мы унэцІэхэри, абыхэм яхуэдэ нэгъуэщІ унэцІэхэри адыгэбзэкІэ къыхэрапсэлъым хуэдэу, «Уазов», «Уадижев», «Уаторов», «Уазинжоков», «Уасманов» жиІэу птхы щІэмыхъунур?

«Тхьэкъуахъуэ», «Хьэмырзэ», «Хьэщыкъуэй», «ХьуэкІуэн» унэцІэхэм я урысибзэ тхыкІэр сфІэзазухъуэкъым, ахэр адыгэбзэкІэ я къэпсэлъыкІэм зэрытемыхуэм икІи зэрыпэжьыжьым къыхэкІкІэ: Тхьэкъуахъуэ - Токуаковым, Хьэмырзэ - Хамизов, Хьэщыкъуэй - Хашукаев, ХьуэкІуэн - Хоконов, Хьуэт - Хотов. Мы унэцІэ цІэрыІуэхэр зэрытхыпхъэу сэ сфІэзахуэр: «Тхакуаковым», «Хамирзовым», «Хашиковым», «Хуаконовым», «Хутовым» жиІэщ. Абыхэм я тхыкІэр куэдкІэ нэхъ сфІэпэжщ.

«Щокъуий», «Щокъул», «Шырыкъу» унэцІэхэм я урыс тхыкІэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр хэлъхьапхъэу къызолъытэ. Иджы зэратхым хуэмыдэу, ахэр: «Шокуев», «Щокулов», «Шириков» жиІэу тхыпхъэу хузогъэфащэ, икІи апхуэдэ тхыкІэр нэхъ сфІэзазахуащ.

«Жамбей» унэцІэр ди лъахэм и щІыпІэ зытІущым щызокІуэ. Псалъэм папщІэ, мы унэцІэм ущрохьэлІэ Налшык къалэми, Бахъсэн, Лэскэн районхэм хьыхь къуажэхэми. Лэскэн районым и Урыху къуажэм щыпсэу Жамбейхэмрэ абы къыдэкІауэ нэгъуэщІ щІыпІэ гуэрхэм щыпсэухэмрэ я унэцІэр пэжу ирагъэтх - «Жамбеев» жиІэу. Ауэ Бахъсэн районым хьыхь Дыгулыбгъуей жьлэм щыпсэу «Жамбейхэм» я унэцІэр «Жамбаеву» зэратхыр тэмэмкъым. Бахъсэн къалэм дэс Жамбейхэми я унэцІэр мытэмэму «Жамбаев» жиІэу ятх, ауэ абыкІэ къуанщэр къэщІэгъуейщ. Дапщэщи адыгэбзэм и хабзэкъэ Іуэхум къыхэлъытэн икІи, Іэмал зэриІэкІ, абыхэм тетын хуейуэ къызолъытэ. Аращ ахэр щІыщІэр.

Бахъсэн районым нэхърэ мынэхъ мащІэу Дзэлыкъуэ щІынальэмэ щыІэщ зи гугъу щыпхъэ, зи тхыкІэр мытэмэм унэцІэхэр. Псом япэу гу лъытапхъэщ «Гугъуэт», «Мырзэкъан», «ПщыукІ», «Пщыунэ» унэцІэхэм тхыкІэ зэхуэмыдэхэр зэраІэм. Псалъэм папщІэ, «Гугъуэт» унэцІэр щІыпІэ зытхухьм зэщхьэщыкІыбу щатх: Дзэлыкъуэкъуажэ, Дзэлыкъуэдэс, Къармэхьэблэ, Чыщбалъкъ, Светловодскэ, Белокаменскэ къуажэхэм адыгэбзэкІэ - «Кугъуэт»-у, урысибзэкІэ «Куготов» жиІэу щатх. Дженал, Зольскэ, Октябрьскэ къуажэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми мы унэцІэр «КІыгъуэт»-у щатх. УнэцІэм зэтехуэу зы тхыкІэ иІамэ, нэхъыфІт.

Мырзэкъан унэцІэри зэм «Мырзэкъан»-у, ящыныкъуэми Мурзэкъан-у ятх. А тІум дэтхэнэра нэхъ пэжыр? УнэцІэр лъабжьитІу зэхэлъщ: «Мырзэ»-рэ «къан»-у. Шэч хэмылъу унэцІэр лІыщІэ «Мырзэкъан»-м къытекІащ. Ар япэу. ЕтІуанэу, адыгэцІэхэм ущрихьэлІэкъым. «Мурзэкъан», «Мурзэбэч», «Хьэмурзэ» цІэхэмрэ, абыхэм яхуэдэ нэгъуэщІ фІэщыгъэхэмрэ. Абы къыхэкІкІэ мы унэцІэр «Мырзэкъан»-у зэхэлъщ: «Мырзэ»-р «къан»-у хьэу икІи тхыпхъэу къызолъытэ.

«Хьэжы» унэцІэр - «Аджаеву»-у; «Бырсекъуэ» унэцІэр - «Барсуков»-у; «Бжэныкъ» унэцІэр - «Бжеников»-у; «Джыджий» унэцІэр - «Гигиев»-у; «Угъурлы» унэцІэр - «Огурлиев»-у; «Уэзрокъуэ» унэцІэр - «Озроков»-у; «Елчэпар» унэцІэр - «Эльчапаров»-у»; «Пщыунэ» унэцІэр - «Пшунов»-у («Пшиунов»-у тхыпхъэщ); «Уэнащ» унэцІэр - «Уначев»-у; «ХьэтІохъущокъуэ» унэцІэр - «Атажукин»-у; «Бжьыдыгъу» унэцІэр - «Бжедугов»-у; «Быкхъэ» унэцІэр «Виков»-у; «Гъыдзэ» унэцІэр - «Гадзев»-у; «КІэмыргуей» унэцІэр - «Камергоев»-у зэратхыр тэмэму убжьыныр щыуагъэщ. Мы унэцІэхэм я тхыкІэр бзэ щІэныгъэм и хабзэм къезэгъыркъым.

Ашэбей (Малкэ) къуажэжьым щыщу хьэрф «у»-кІэ къыщідзэхэу: Уэгъурлы, Уэзы, Уэзрокъуэ, Уэршэкудыгъу, Уэщхъун унэцІэхэр хьэрф «о»-м хуагъэкІуауэ - Огурлиев, Озов, Озроков, Оршокдугов, Ошхунов жиІэу адыгэбзэм и хабзэм къемызэгъыу зэратхыр тэмэмкъым. Хьэрф «у»-р зэи хьэрф «о»-м хуэкІуэнукъым. Абы къыхэкІкІэ мы унэцІэхэр абыхэм яхуэдэ нэгъуэщІ унэцІэхэри хьэрф «у»-кІэ къыщідзэу - Угурлиев, Уазов, Уазроков, Уаршакудугов, Уашхунов жиІэу къэпсэлъыни тхыни хуейщ.

Ашэбей жьлэшхуэм зи тхыкІэр мытэмэм нэгъуэщІ унэцІэ куэди щызокІуэ. Абыхэм ящыщщ ПщыукІ унэцІэр. Ар «Пшуков»-у зэратхыр тэмэмкъым, сыту жьІпІэмэ ар итІанэ нэгъуэщІ унэцІэ мэхъу: ПщыукІым къикІыр пщыр зыукІщ, Пщыкъуэр - пщым и къуэщ.

Нэхъ хьэлэмэтыжьыр Тэшэло унэцІэр урысибзэм зэрыхуэгъэкІуарщ. Зыкіи емыІаліэу ар «Ташилов» жиІэу ятхри зэфІагъэкІащ. Ауэ ар тэмэмкъым, адыгэкІэ Тэшэло унэцІэр пэжмэ.

Иджы Лэскэн щІыналъэм щыщ къуажэхэм щызекІуэ (дызыщихьэлІэ) адыгэ унэцІэ зи тхыкІэр сфІэмызахуэхэм кІэщІ дыдзу я гугъу сщІынщ.

Псом нэхърэ нэхъ сфІэхьэлэмэтыр икІи нэхъ къысхуемыгъэзэгъыр хьэрф «у»-кІэ къыщідзэ адыгэ унэцІэу Уэдыхь, Уэзынжокъуэ, Уэрдэшокъуэ, Уэркъуасэ, Уэрэзей, Уэршокъуэ жьыуиІэхэр, абыхэм яхуэдэхэр зэратхырщ. Мы унэцІэхэм ящыщу япэу адыгэ тхыдэм хьихьар икІи нэхъ увыпІэшхуэ щызубыдар Уэдыхь унэцІэр аращ. Дэфтэр хъуманІэхэм щІэлъ тхыгъэхэм, тхыдэтхэхэмрэ къэрал къулыкъущІэхэмрэ, тхакІуэ щхьэхуэхэмрэ къалэн пыухыкІа яІэу къэзыкІухь зыплъыхьакІуэхэмрэ (путешественникэмрэ) я тхыгъэхэм - ижь-ижьыж лъандэрэ Уэдыхь унэцІэр тхыкІэ зэхуэмыдэм тету къыхощ. Ар урысибзэкІэ - Уаттих, Ваттих, Адазов жиІэу нобэми а тхыкІэхэм тету къоГъуэгурыкІуэ. Ауэ мы унэцІэм и тхыкІэм старославяныбзэм ижь къыщІихуами, Уэдыхь унэцІэр Водахову тхынкІэ мытэмэму къысфІощІ. Иджыпсэ урысибзэм и хабзэм тету ар «Уадахов» е «Уадихов» хъун хуейщ. Хьэрф «у»-кІэ кърагъажьэу ищхьэмкІэ зи угъу щысщІа унэцІэхэри- «Уазинжоков», «Уардашоков», «Уаркуасов», «Уаразаев», «Уашроков» - жиІэу щІэдмытыхьн щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыІэкъым.

«Гугъэтыж» унэцІэр зэтемыхуэу щІыпІэ щхьэхуэхэм щатх. Мы унэцІэм и тхыкІэр мытэмэму газетхэм къыщытраддзэ щІэІэщ. Псалъэм папщІэ, ар Лэскэн Илщэм «КъэпІуэ щыІэщ» жиІэу щатх. УрысибзэкІэ мы унэцІэр «Коготижев» жиІэу ятхауэ урихьэлІэнущ, ауэ ари тэмэму къэплъытэ хъунукъым. «Гугъуэтыж» унэцІэр иджыпей урысибзэм и хабзэм ипкъ иткІэ «Гугуатижев» жиІэу тхыпхъэщ.

Къемызэгъ дыдэу къысфІощІ «Темыр» унэцІэр «Темуров» жиІэу зэратхыр «Темиров» тхыкІэрщ тэмэмыр. «КІыщыкъуэ» унэцІэри аращ - «Кишиков» жиІэу зэрытхыпхъэр нэхъ сфІэтэмэмщ.

Куэд мэхъу дыкъызытеувыІэу зэдгъэзэхуэжьын хуейр. Псом хуэмыдэу Джылахьстэней щыналъэм щыІэщ я тхыкІэ ельытауэ дызыгъэпІейтейхэр. Тэмэ хэмылъу, щІэныгъэр и лъабжьэу, абыхэм делэжьын хуейт.

ЕРЖЬБ Аслъэн,
педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат.

Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ и проректор Къэжэр Артур бадзэуэгъуэм и 11-м журналистхэм яхутепсэлъыхьащ Эрмитажым зэрыдэлэжьэнум.

ФИГУ къздгъэкІыжьинщи, 2016 гъэм гъатхэпэм и 31-м Урысейм и къалащхьэм Іэ щыщІадзауэ щытащ Къэрал Эрмитажымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэрызэдзэжьэнум теуха зэгурыІуэныгъэм. А тхыгъэм Іэ щІадзащ Эрмитажым и унафэщІ Пиотровский Михаилрэ Къэбэрдей-Балъкъэр и ректор Альтуд Юрийрэ.

Проректорым къыхигъэщащ 2016-2018 гъэхэм Къэрал Эрмитажымрэ КъБКъУ-мрэ зэрызэдзэкІэжьыну планыр зэрызэхилъхьар, зэгурыІуэныгъэм и лъабжьэ хъуну зэхьихьэхэр абы къызэрыщІэлъэгъуар. Япэу ирагъэкІуэкІыну Іуэхур яубыхуащ - ар Кавказ Ищхьэрэ археологие экспедицэ къызэрагъэпэщынырщ икІи ирагъэкІуэкІырщ. КъэхутакІуэхэм я лэжьыгъэр зыщІхьэуІу маззм ирагъажьэу фокІадэм и кІэм нагъэсынущ. Абы хэтынущ КъБКъУ-м и тхыдэ къудамэм и студентхэмэ Эрмитажым и ІэщіагъэлІхэмрэ. Экспедицэм и планыр зэхэлъхьэныр яух. КъБКъУ-м и проректорым къыхигъэщащ археологие къэхутэныгъэхэр щебгъэкІуэкІ хуэну щІыпІэ гъэщІэгъэуэн зыбжанэ КъБР-м зэрыщыІэр.

ЗэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, уэзщІныныгъэ зэрытІыныгъэхэмкІэ зэдзлъэжьнущ. Апхуэдэу абы къызэщІеубыдэ КъБКъУ-мрэ Эрмитажымрэ я хуэущхьэпэну сыт хуэдэ зэпыщІэныгъэри.

Къыхэгъэщыпхъэщ, тхыдэ музейр Кэмбридж, Оксфорд щыІэ университет цІэрыІуэхэм хуэдэхэм зэрадэлажьэр, къэрал зэмыліэужьыгъуэхэм я дунейпсо музейхэри хьІэу. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и закъуэщ Эрмитажым апхуэдэ зэгурыІуэныгъэ зрищІыліауэ зэкІэ щыІэр. Зэдэлэжьэныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ хъунущ КъБКъУ-м и археологие школыр къэгъэщІэрэщІэжьныр.

Егъэджэныгъэ программэхэр гъэзэщІэным ипкъ иткІэ Эрмитажым дэлэжьэным мыхьэнэшхуэ иІэщ. ЕтІанэгъэ тхыдэ къудамэм щеджэну студентхэр къыхаха нэужь, Къэрал Эрмитажым и ІэщіагъэлІхэм я гъусэу «археология» унэтІыныгъэмкІэ егъэджэныгъэ программэр къызэрагъэпэщыну я мурадщ. Къэжэр Артур зэрыжиІэмкІэ, археологие щІэныгъэм зегъэужьыныжьмкІэ ар Іуэху щхьэпэщ. Къэхутэныгъэхэм мыхьэнэ иІэщ республикэм щыпсэуа лъэпкъхэм я тхыдэр зэфІэгъэуэжжьи и лъэныкъуэкІэ. Къэжэрым къыхигъэщащ «Антропология и этнология» унэтІыныгъэхэм щеджэну студентхэр мы гъэм япэу къызэрыхахынур, а егъэджэныгъэ программэр гъэзэщІэным Къэрал Эрмитажым и ІэщіагъэлІхэр жьыджэру зэрыхэтынур.

2017 гъэм щыщІэдзауэ Эрмитажым и лэжьакІуэхэм ящыщу КъБКъУ-м и тхыдэ, археологие этнологие къудамэхэм щІэсхэм папщІэ археологиемкІэ лекцэ хъухуедэжну, археологие къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым хэзыгъэгъуэзэнухэр къыхаха.

КъБКъУ-м и студентхэр, аспирантхэр, егъэджакІуэхэр Къэрал Эрмитажым ягъакІуэу я лэжьыгъэм кІэлъэгъэплъынщ.

А зэхыхьэхэр хуэунэтІащ студентхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным, егъэджэныгъэ Іуэхуэхэр егъэфІакІуэным. Абыхэм я фІыгъэкІэ университетым зиужьынущ.

УЭЛДЖЫР Аринэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

КъБКъУ-мрэ Эрмитажымрэ зэрызэдэлэжьэнум топсэлъыхь

Къэжэр Артур

● МафІэс

ИІа теплъэр ихъуэжынукъым

Налшык зыгъэдахэ ухуэныгъэхэм ящыщу щыта, къалэм къыщІахьа япэ профессиональнэ кинотеатрыр зэфІагъэувэжынущ.

ХЪЫБАРЕГЪЭЩІЭ нэтынхэм зэкІэлъхьэжьу щыгъуазэ дызыхуащІ дунейм къыщыхьу къэхъукъащІэ щынагъуэхэм еплъытмэ (Ниццэ, Тырку, Армение, Америкэ), Налшык дэт кинотеатрыр мафІэм зэрисар щІыналъэ Іуэху цІыкІуущ къыщІэрыщІыхьэр. Ауэ ар дэ дыщІэсу ди щІыпІэщ, ди дежкІэ лъапІэщ, гукъэкІыж кузди епхащ.

Шэч хэлъхьым, а хъыбарыр Налшык щыпсэу куэдым я гум зэрыщІыхьар. Япэ профессиональнэ кинотеатрым (хъыбарегъащІэ ІэнатІэ куэдым щыжаІащ ар къалэм къыщыщІэуаха япэ кинотеатру, ауэ ар пэжкъым. Налшык и япэ кинотеатрыр (абы зэреджэр «Биограф»-т) илъэси 100 и пэкІэ кьызэІуахащ икІи «Победа»-р щаухуэну щыпІэм и гъунэгъуу щытащ. «Победа»-р 1936 гъэм яухуэн щІадзэри, 1938 гъэм хъэзыр ящащ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху мин бжыгъэхэм я гум, я псэм хэмыГъуэщэжын лъэужь къытринащ. Ар кинофильмхэр щагъэлъагъуэ Іуэхущ1апІэ къудейуэтэкъым зэрыщытыр, атІэ цІыхуэхэр ґъуазджэм хэзышэ, дунейм нэхъ куууэ хэзыгъэгъуаз, щызэпсалъэ, щызэхуэзэ, щызэрыцІыху, я гъащІэр щызэрапх щыпІэт. Къапщтэмэ, Налшык и дамыгъэхэм ящыщ зыт ар.

Аращ кинотеатрыр мафІэм зэрисар цІыхуэхэм апхуэдизу я жагъуэ щІэхъуари. Абы теухуауэ Фейсбукым къислъхьа хъыбархэм цІыху щ бжыгъэхэр хъыпІэджэжащ. МафІэсыр къызэрихъуар хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэми къатащ. Щэбэтми тхъэмахуэми мы зэманым зэгъэпэщыжьныгъэхэр щекІуэкІ Къэбэрдей уэрамым цІыхуэхэр кІуэурэ кинотеатрым къыщыщІам еплъащ. ЗэхуэщІауэ щыт унэм мафІэс къызэрыщыхуэ щыкІэр, кинотеатрым теухуауэ къулыкъущІэхэм ящІыну унафэр зыхуэдэр - а упщІэхэм я жэуапхэрэт цІыхуэхэр зыпІыхьуэр. Куэдым щэч къытрамыхьэу жаІэрт а щІыпІэм и деж иджы ухуэныгъэщІэ щрагъэкІуэкІыну.

Ауэ апхуэдэу къэхъунукъым. Къалэ администрацэм хъыбар къызэрыдигъащІамкІэ, «Победа» кинотеатрыр зэрагъэпэщыжьнущ абы иІа теплъэр ямыхъэжу. Іуэхур къыщрахьэжьэнур иджыри ябзыхуауэ щымытми, гурыІуэгъущ абы и пэш цІыкІум - гуащэ театр, пэшышхуэм сабийхэм папщІэ кинотеатррэ гупжьей зэмылІуэжьыгъуэрэ зэрыщІыІэнур. Нэхъыщхьэраци, лэжьыгъэхэм зэман гъунэгъум щІадзэнущ.

КОТЛЯРОВ Виктор.

● Спорт

Шахматхэр

Ебланэ щытокІуэ

Мы махуэхэм Налшык щызэхэтащ шахматхэмкІэ ветеранхэм я 17-нэ республикэ чемпионат. Абы япэ увыпІэр щиубыдащ очкоиблым щыщу хьІ къэзыхьа илъэс 66-рэ зи ныбжь налшыкдэс Къармэ Мажмудин.

МЫПХУЭДэ чемпионатхэм Мажмудин ебланэу щытекІуащ. ЕтІуанэ хъуащ Нарткъалэ щыщ спортым и мастерым и кандидат Понэж Борис. Ещанэ увыпІэр зыІэригъэхьащ илъэс 77-рэ зи ныбжь налшыкдэс Косилов Борис. Бахъсэн районым щыщ илъэс 74-рэ хъу Къарэшыкіу Борис еплІанэщ.

Республикэ чемпионатым щытекІуахэмрэ къущхьэжанькІахэмрэ медалхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкіэ и министерствэм и грамотхэмрэ ратащ.

Республикэм и Шахматшакэ федерацэм и грамотэхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ илъэс 85-рэ зи ныбжь Тау Абисал, илъэс 75-рэ хъу Жырыкъ Хьэмидбий, Косилов Анатолий, Къарэшыкіу Борис, Бжьахъуэ Людмилэ сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Тхэквондо

Европэ зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр

Шахты къалэм щекІуэкІащ тхэквондомкІэ щІалэщІэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ ди къэралым и щапхъэ 61-м икІа спортсмен 700-м щІигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ медалитІ къыщахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм. Зи хьэлъагъэр килограмм 53-м нэблагъэхэм я гупым пашэныгъэр щиубыдащ Лантратов Денис. Финал зэІущІэм абы щыхигъэщІащ Волгоград областым и лІыкІуэр.

Килограмм 33-рэ зи хьэлъагъэ Тхьэзэпльыж Ислъам зэхьэзэхуэм дыжьын медалыр къыщихьащ.

Ди щІалэщІэхэм зыІэрагъэхьа екъуІэныгъэхэм я фІыгъэкІэ, абыхэм Іэмал яГъуэтащ фокІадэм Бухарест къалэм (Румыние) щекІуэкІыну Европэм и зэхьэзэхуэм хэтыну.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щІэхъеІэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуауэгъэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Табыщ Динарэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1030

Налшык щохьэщІэ Сирием щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ Стіащ Зухьейрэ абы и щхьэгъусэ Наташэрэ. *1982 гъэ*